

**Tit: Investi nan Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA)
Annijans pou Gadri New York pou Nouvo Pwogram yo
Biwo: Divizyon Gadri nan OCFS**

Piblikasyon: 28 janvyè 2022

Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022 ak 18 avril 2022

N ap aksepte aplikasyon nan men nouvo founisè ki te fini ak oryantasyon yo, ki te resevwa idantifikasyon etablisman yo, ak sa yo ki pare pou yo aplike yo. Verifye si se bon adrès ou ki nan dosye nou ak regilatè OCFS yo baou an oswa NYCDOHMH anvan ou aplike. Gen enstriksyon etap pa etap sou kijan pou w navige aplikasyon anliy nan disponib nan seksyon [Resous Fòmasyon Pòtay Sibvansyon](#) nan paj [Sibvansyon pou Kote ki pa gen Sèvis Gadri pou Timoun \(Child Care Deserts grant\)](#). **Soumèt aplikasyon yo nan pòtay aplikasyon anyi aplikasyon an: <https://childcare-grants.ocfs.ny.gov/>.** Nou dwe resevwa tout aplikasyon yo nan OCFS sou [pòtay aplikasyon anliy](#) anvan **Delè pou Soumèt Aplikasyon an** jan li presize nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**

LIS SIJÈ YO

1.0	ENFÒMASYON JENERAL/KALANDRIYE EVÈNMAN YO	1
1.1	Entegrite Acha yo/Limit sou Kominikasyon	2
1.2	Kalandriye Evènman yo (Modifye nan dat 18 avril 2022)	2
1.3	Seyans Asistans Teknik pou Aplikan yo	3
1.4	Fason pou Soumèt Kesyon Alekri yo	4
1.5	Fason pou Soumèt Aplikasyon yo	4
1.6	Tout Dwa Rezève OCFS yo (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022)	4
1.7	Definisyon RFA yo (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)	6
2.0	APÈSI	10
2.1	Entwodiksyon/Deskripsyon Objektif ak Kontèks Pwogram lan	10
2.2	Konsiderasyon OCFS Nan Tout Eta a	10
2.3	Objektif ak Disponibilite Finansman an (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)	11
2.4	Dire Rekonpans ak Enfòmasyon sou Peman (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)	18
3.0	KALIFIKASYON MINIMÒM POU APLIKE AK PWOSESIS KALIFIKASYON ALAVANS LAN	19
3.1	Kalifikasyon Minimòm pou Aplike (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)	19
3.2	Egzijans nan zafè Responsablite Vandè (Tout Aplikan) (Modifye nan dat 24 mas 2022)	22
4.0	KONDISYON PWOGRAM LAN	22
4.1	Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan (Modifye nan dat 24 mas 2022)	22
4.2	Aksesibilite Enfòmasyon ak Aplikasyon ki sou Entènèt	31

5.0	KONTNI APLIKASYON AN AK FASON POU SOUMÈT LI	32
5.1	Kontni Aplikasyon ak Fason pou Evalye li	32
5.2	Kontni Aplikasyon an (Modifye nan dat 24 mas 2022)	35
5.3	Pwosesis pou Soumèt Aplikasyon an (Modifye nan dat 24 mas 2022 ak 18 avril 2022).....	44
6.0	KRITÈ MINIMÒM/PWOSESIS EVALYASYON	46
6.1	Kritè Minimòm (Kritè Revizyon pou Pase/Pa Pase)	46
6.2	Pwosesis Evalyasyon.....	46
7.0	EGZIJANS POU SIBVANSYON OBLIGATWA.....	47
7.1	Preparasyon pou Sibvansyon.....	47
7.2	Fòm Prèv Pwoteksyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay ak Avantaj pou Andikap – Ou ap oblije telechaje li mete sou Aplikasyon an apre Apwobasyon Lisans lan (Modifye nan dat 24 mas 2022).....	47
7.5	Egzijans Federal yo.....	49
7.6	Peman Elektwonik ki Obligatwa yo ak Fòm Ranplasman W-9 – Ou ap soumèt li anndan Aplikasyon an.....	49
7.7	Antrepriz ki Pou Gwoup Minorite ak Fanm (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) – Egalite Chans nan zafè Travay (Equal Employment Opportunity, EEO) – Egzijans ak Pwosedi yo.....	49
7.8	Biznis ki Pou Veteran ki Pran Andikap nan Sèvis (Service-Disabled Veteran-Owned Business, SDVOB).....	50
8.0	EGZIJANS AK FÒM KI ESPESIFIK POU PWOGRAM LAN	50

1.0 ENFÒMASYON JENERAL/KALANDRIYE EVÈNMAN YO

Gras ak Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA) sa a, Biwo pou Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la ap aksepte aplikasyon pou sibvansyon Invest in NY Child Care (Envesti nan Gadri nan New York) nan nouvo pwogram yo, pou li jere mank sèvis gadri ki disponib ki genyen nan zòn yo nan Eta a ki kalifye kòm dezè nan zafè sèvis gadri.

Kandida yo dwe fonksyone selon tout lwa, règ ak règleman ki an vigè yo.

Remak: Nan tout dokiman sa a, yo itilize tèm *pwopozisyon, òf, ak aplikasyon* youn nan plas lòt, menm jan ak *aplikan, soumisyonè ak ancherisè*.

Si soumisyonè a dekouvri bagay ki pa klè, konfli, dekalay, mankman, oswa lòt erè nan RFA sa a, li ap enfòm OCFS tousuit (Gade **Seksyon 1.1 Entegrite Acha yo/Limit sou Kominikasyon**) sou erè sa a alekri epi mande klarifikasyon oswa chanjman dokiman an.

Si anvan delè pou soumèt kesyon alekri yo, yon soumisyonè pa enfòm OCFS sou yon erè li konnen nan RFA a oswa yon mankman ki soti ladan, oswa sou nenpòt erè oswa mankman oswa paspouki nan espesifikasyon oswa dokiman òf la bòkote RFA soumisyonè a te konnen oswa ta dwe te konnen, soumisyonè a dakò li ap pran risk sa a si yo ba li fon yo, epi li dakò pou yo anpeche li chèche plis alejman administratif oswa konpansasyon adisyonèl selon fon yo ba li poutèt erè, mankman, oswa paspouki sa a nan espesifikasyon oswa dokiman òf la.

Ki Otorize/Anrejistre/Gen Pèmi: Opòtinite finansman sa a disponib pou pwogram gadri ki gen otorizasyon epi ki anrejistre epi pou pwogram gadri an gwoup selon Atik 47 Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, NYCDOHMH) bay pèmi, ansanm yo ap rele “otorize” nan kad opòtinite finansman sa a. **RFA sa a se SELMAN pou pwogram ki fenk gen otorizasyon yo, li pa pou pwogram ki egziste yo.** Yo ap pibliye yon pwochen RFA apa pou pwogram ki egziste ki ap chèche devlope.

Se Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Child and Family Services, OCFS) ki regile pwogram gadri yo, eksepte gadri ki nan Vil New York yo, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, NYCDOHMH) regile. Yo konsidere pwogram yo Anrejistre, Otorize oswa Gen Pèmi selon kalite pwogram lan (modalite) ak kote a. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou egzijans pou pwogram ki Anrejistre ak Otorize yo la a <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/regulations/>. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou egzijans pou pwogram ki gen Pèmi nan Vil New York yo la a <https://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/children-and-adolescents-childcare.page>.

1.1 Entegrite Acha yo/Limit sou Kominikasyon

Se pou w konnen lwa Eta a entèdi nenpòt vandè egzès oswa eseye egzès enfliyans ki pa apwopriye ki gen pou wè ak aplikasyon li. “Enfliyans ki pa apwopriye” vle di nenpòt tantativ ou fè pou w konsidere yon aplikasyon nan paspouki sou baz konsiderasyon ki pa gen pou wè ak aplikasyon an, tankou men gen toujou nenpòt konpòtman Lwa sou Etik nan Gouvènman entèdi, jan yo dekri sa nan Lwa sou Fonksyonè Piblik §§ 73 ak 74.

Ou dwe voye tout kesyon ou genyen sou dokiman RFA sa a bay direktè kontra la ki nan Inite ki responsab Acha a oswa moun li deziyen an(yo) nan OCFS, nan imèl investnychildcare@ocfs.ny.gov avèk “RFA#1 (New Programs)” nan liy sijè a.

1.2 Kalandriye Evènman yo (Modifye nan dat 18 avril 2022)

RFA# 1 ENVESTI NAN DEMANN POU APLIKASYON (REQUEST FOR APPLICATIONS, RFA) ANNIJANS POU GADRI NEW YORK POU NOUVO PWOGRAM YO	
EVÈNMAN	DAT
Piblikasyon Demann pou Aplikasyon an	28 janvyè 2022
Piblikasyon Kat ki Gen Dezè nan zafè Sèvis Gadri: Pwogram yo kapab egzamine zòn nan Eta a yo idantifye kòm kote ki se dezè nan zafè sèvis gadri yo sou: https://bit.ly/cc_deserts	28 janvyè 2022
Seyans Asistans Teknik (Ochwa – gade Seksyon 1.3 a pou wè orè a)	Gade Seksyon 1.3 ak Dokiman 1 an pou wè Orè a
Delè pou Soumèt Kesyon Alekri yo	Chak vandredi anvan 5:00 PM Lè Lès apati Dat Piblikasyon an.
Repons pou Kesyon Alekri yo Pibliye (sou oswa konsènan)	Ofiyamezi rive jiska 5 me 2022
Dat pou Kòmanse Soumèt Aplikasyon yo	11 avril 2022
Delè pou Soumèt Aplikasyon yo	19 me 2022 anvan 11:59 PM Lè Lès
Avi <i>Antisipe</i> pou Apwobasyon Alavans (anvan) Se pa yon garanti sibvansyon, yo ap detèmine montan sibvansyon definitif la pandan yo ap bay lisans lan	15 jen 2022
Avi <i>Antisipe</i> pou Sibvansyon Definitif	Lè yo Apwouve Lisans lan
Dat pou Sibvansyon <i>Antisipe</i> a ¹ Kòmanse (anvan)	Lèt ki gen Dat Apwobasyon Alavans lan

¹ *Sibvansyon yo depann de apwobasyon lisans lan ak kapasite yo otorize.

1.3 Seyans Asistans Teknik pou Aplikan yo

- **Asistans Teknik pou Resous ak Referans nan zafè Sèvis Gadri (Child Care Resource and Referral, CCR&R)**

Aplikan ki entere pou yo vin founisè sèvis gadri ki gen otorizasyon yo kapab kontakte CCR&R lokal yo a, ki konnen pwosesis pou jwenn otorizasyon an byen epi ki ap ofri yon seri seyans enfòmasyon pou moun ki entere yo. Ou kapab jwenn dat ak lè seyans enfòmasyon yo nan

Dokiman 1an – Orè Seyans Asistans Teknik yo la a:

<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/assets/docs/deserts/Child-Care-Desert-Info-Sessions.pdf>. Aplikan yo kapab jwenn CCR&R lokal yo a la a: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php>

- Epiou, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi kore moun ak òganizasyon ki entere pou yo lanse pwogram gadri nan kominote yo a. Biwo a kontwole yon rezo Biwo Rejyonal ki kapab bay moun ki entere yo dokiman aplikasyon, enfòmasyon sou pwosesis pou lanse yon pwogram, epi ede yo konprann egzijans yo. Aplikan yo kapab jwenn Biwo Rejyonal yo a la a: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/regional-offices.php>

Tout aplikan ki ap aplike pou lisans oswa anrejistreman nan OCFS dwe suiv seyans Oryantasyon an ANVAN yo aplike:

<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/providers/cdc-orientation.php>

Pou pwogram ki ap aplike pou yo vin yon gadri NYC DOHMH selon Atik 47 la, ou dwe suiv yon seyans oryantasyon anvan yo bay pèmi (koche kaz ki toupre “Seyans Oryantasyon pou Gadri an Gwoup ak Kandete”, epi klike sou “Continue (Kontinye)” anba paj la) anvan nou aplike pou jwenn yon nouvo pèmi.

- **Antite Legal/Detèminasyon Nimewo Idantite Fiskal, Fòm Ranplasman W-9, Seyans sou Responsablite Vandè** – Biwo Jesyon Kontra (Bureau of Contract Management, BCM) nan OCFS

Yo ap afiche dat seyans sa a sou sitwèb OCFS la.

- **Wèbinè sou Reklamasyon ak Peman** – Biwo Jesyon Kontra (Bureau of Contract Management, BCM) ak Divizyon Sèvis Gadri (Division of Child Care Services, DCCS) nan OCFS

Yo ap afiche dat seyans sa a sou sitwèb OCFS la.

Gade **Dokiman 1 – Orè Seyans Asistans Teknik yo** pou wè seyans asistans teknik yo sou sitwèb OCFS la.

1.4 Fason pou Soumèt Kesyon Alekri yo

Tout kominikasyon pou siyale erè oswa mankman nan pwosesis acha a, poze kesyon, oswa pou mande klarifikasyon RFA sa a ta dwe site seksyon RFA patikilye a ak nimewo paragraf la epi ou dwe **soumèt yo nan imèl nan investnychildcare@ocfs.ny.gov avèk RFA#1 (New Programs) liy sijè** anvan delè pou soumèt kesyon alekri yo presize nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**.

Yo ka pa reponn kesyon yo resevwa apre delè pou afiche repons pou kesyon alekri yo. Yo ap afiche lis konplè ki gen kesyon ak repons yo nan anons demann lan nan the Sistèm Pasrèl pou Sibvansyon Eta New York (<https://grantsgateway.ny.gov>) (GGS oswa Pasrèl pou Sibvansyon), sou sitwèb OCFS la (<http://ocfs.ny.gov/main/bcm/RFA.asp>), ak sitwèb Contract Reporter a (<https://www.nyscr.ny.gov/login.cfm>) nan oswa sou dat yo presize nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**.

Pou w wè lis konplè ki gen kesyon ak repons yo afiche nan Pasrèl pou Sibvansyon Eta New York la, klike sou lyen ki anba anons opòtinite sibvansyon nan Pòtay Opòtinite Sibvansyon an.

1.5 Fason pou Soumèt Aplikasyon yo

Ou dwe soumèt tout pwopozisyon yo sou fòm elektwonik nan Aplikasyon Anliy Envesti nan Gadri New York la, ki ap disponib sou sitwèb OCFS la nan Dat pou Kòmanse Soumèt Aplikasyon yo.

Tapri al gade nan **Seksyon 5.0: KONTNI APLIKASYON AN AK FASON POU SOUMÈT LI** pou w jwenn plis enfòmasyon.

1.6 Tout Dwa Rezève OCFS yo (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022)

OCFS rezève dwa pou li

1. mete yon limit maksimòm sou montan finansman li fè nan kad chak sibvansyon;
2. chanje nenpòt nan dat yo endike nan RFA sa a anvan dat limite pou ou soumèt pwopozisyon yo;
3. rejte nenpòt oswa tout pwopozisyon li resevwa kòm repons ak RFA a;
4. anile RFA a nenpòt lè selon desizyon ajans lan;
5. fè yon sibvansyon nan RFA a annantye oswa an pati;
6. diskalifye nenpòt ancherisè ki gen konpòtman ak/oswa pwopozisyon yo ki pa respekte egzijans RFA a;

7. rejte nenpòt pwopozisyon si, selon desizyon OCFS, li detèmine ancherisè a pa yon vandè ki responsab;
8. chèche klarifikasyon ak revizyon pwopozisyon yo. Mande ancherisè yo prezante enfòmasyon anplis ki pou klarifye pwopozisyon yo fè yo kit se alekri kit se nan prezantasyon fòmèl. Apa de klarifikasyon ak enfòmasyon anplis yo mande yo, yo pa otorize yo bay nouvo enfòmasyon;
9. mande ancherisè yo montre, nan manyè OCFS vle, nenpòt karakteristik ki prezan nan kad pwopozisyon a, ki gendwa gen ladan prezantasyon aloral pwopozisyon yo a. Yo gendwa konsidere demonstrasyon oswa prezantasyon sa a nan kad evalyasyon pwopozisyon an;
10. amande nenpòt pati nan RFA sa a anvan li louvri òf yo, epi voye avi bay tout ancherisè pou pase yo tout lòd pou yo prepare modifikasyon ki konsène amandman RFA a, si sa nesesè. Se ancherisè a oswa lòt pati a ki responsab depans ki fèt nan kad preparasyon nenpòt pwopozisyon oswa modifikasyon yo soumèt kòm repons ak RFA sa a. OCFS pa p fè depans yo ni ranbouse yo;
11. pran desizyon pou fè finansman ki ogmante konfòmite avèk rezilta yo idantifye nan RFA sa a epi ki abòde rezilta yo.
12. finanse sèlman yon pati, oswa aktivite yo chwazi yo, nan pwopozisyon ancherisè yo chwazi a ak/oswa adopte tout oswa yon pati nan pwopozisyon ancherisè yo chwazi a selon egzijans federal ak egzijans Eta yo;
13. elimine nenpòt egzijans RFA tout ancherisè potansyèl yo pa kapab satisfè lè li voye avi bay tout pati ki te soumèt pwopozisyon yo;
14. inyore detay teknik pwosedi yo oswa chanje ti iregilarite nan pwopozisyon li te resevwa apre li vin voye avi bay ancherisè ki konsène a;
15. korije nenpòt erè aritmetik nan yon pwopozisyon oswa fè koreksyon fotdefrap nan pwopozisyon yo avèk akò ancherisè a;
16. si ancherisè yo chwazi a(yo) pa reponn ak egzijans RFA a nan yon delè ki akseptab, yo ap pran pwochen ancherisè ki ofri plis la. Okenn ancherisè pa p gen dwa kont OCFS ki soti nan aksyon sa yo;
17. finanse nenpòt oswa tout pwopozisyon li resevwa kòm repons ak RFP sa a; Men, piblikasyon RFA sa a pa angaje OCFS pou li finanse okenn pwopozisyon. OCFS kapab rejte nenpòt pwopozisyon yo soumèt epi li rezève li dwa pou anile oswa ranvwaye RFA sa a san preyavi epi san responsablite anvè okenn ancherisè oswa lòt pati pou depans yo fè nan kad preparasyon nenpòt pwopozisyon yo soumèt kòm repons ak RFA sa a epi li ka egzèse dwa sa yo nenpòt lè;

18. mande klarifikasyon nenpòt lè pandan pwosesis acha a epi/oswa mande fè koreksyon erè aritmetik oswa lòt erè ki klè pou asire li byen konprann pwopozisyon yon soumasyon ak/oswa pou detèmine si yon komisyonè satisfè egzijans demann lan;
19. fè sibvansyon anplis sou baz pwopozisyon ki rete yo soumèt kòm repons ak RFA sa a ak/oswa bay benefisyè yo finansman anplis si fon sa yo vin disponib;
20. mande enfòmasyon sou pati endepandan yo, tankou men gen toujou: referans ancherisè a, ki konsène eksperyans aplikan yo oswa lòt kesyon li jije ki gen rapò ak pwopozisyon OCFS fè a. Lè aplikan an soumèt yon pwopozisyon kòm repons ak RFA sa a, li aksepte nenpòt demann enfòmasyon OCFS fè;
21. mande kontraktè yo pou yo patisipe nan yon evalyasyon fòmèl pwogram OCFS pral elabore a. Yo ka mande kontraktè yo rasanble done pou rezon sa yo. Konsepsyon evalyasyon an ap fè patisipan yo rete konfyan epi li ap rekonèt limit pratik ki genyen nan zafè kolekte kalite enfòmasyon sa yo;
22. panse fè distribisyon nan tout eta a ak distribisyon rejyonal nan Vil New York, tankou metodoloji distribisyon nan minisipalite, lè li ap evalye pwopozisyon yo
23. anile sibvansyon yo paske benefisyè yo pa bay tout enfòmasyon ki nesèsè konsènan fòm W-9 ak responsablite vandè OCFS egzije lè yo mande yo oswa si aplikan an pa satisfè egzijans li pou jwenn otorizasyon pou li jere pwogram lan;
24. anile RFA sa a, annantye oswa an pati, nenpòt ki lè epi pou li rejte nenpòt ak tout pwopozisyon lè sa apwopriye nan enterè Eta a; epi
25. fè ajisteman nan montan finansman yo mande a selon bezwen pwogram lan epi selon valè total an dola aplikasyon yo soumèt yo.
- ~~34.~~ **26.** redistribiye fon yon ant montan total ki disponib pami modalite yo ak montan finansman rejyonal yo ak valè total bonis sibvansyon yo si gen finansman ki rete pou ogmante distribisyon fon ki disponib yo. Anplis, yo ka redistribiye finansman yo pa itilize nan RFA sa a nan Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA) Annijans Envesti nan Gadri New York pou Pwogram ki Egziste yo pou itilize finansman ARPA a nèt.

1.7 Definisyon RFA yo (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)

Finansman Debaz: li baze sou kantite plas ak/oswa modalite laswenyay la ak kote sit pwogram lan ye nan de (2) gran zòn jewografik nan Eta a. **Seksyon 2.3, Objektif ak Disponiblite Finansman** an, li bay finansman REDC ki disponib ak kalite pwogram lan.

Kapasite: se kantite timoun pou pi plis yo otorize ki pou prezan nenpòt moman jan yo presize sa sou lisans lan.

Zòn Resansman Dezè: pou opòtinite finansman sa a, li vle di yon Zòn Finansman kote genyen 3 timoun oswa plis ki poko 5 lane pou chak plas gadri ki disponib, oswa pa gen okenn plas gadri ki disponib nan zòn resansman an. Plas gadri ki disponib yo itilize pou analiz sa a gen ladan plas pou tibebe, timoun piti, ak timoun ki gen laj preskolè ki nan gadri ki gen otorizasyon yo ak pwogram gadri an gwoup NYCDOHMH otorize yo (pwogram Atik 47 yo sèlman), ansanm ak plas pou timoun ki gen 6 semèn rive 12 lane ki nan gadri familyal an gwoup ki gen otorizasyon ak gadri fanmi ki anrejistre, selon kapasite yo otorize apati oktòb 2021. Yo fè kat tout Zòn Resansman yo nan Eta New York selon kantite plas ki disponib yo, epi ou kapab jwenn enfòmasyon yo sou Kat ki gen Dezè nan zafè Gadri a:

https://bit.ly/cc_deserts Al gade nan **Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an** pou w jwenn definisyon dezè pou fè evalyasyon an.

Endis Divèsite:

Endis Divèsite ki soti nan Enstiti Rechèch sou Sistèm Enviwònman yo (Environmental Systems Research Institute, ESRI) reprezante posiblite pou de (2) moun, yo chwazi owaza (konsa-konsa) nan menm zòn lan, fè pati ras oswa gwoup etnik diferan. Yo mete divèsite etnik, ansanm ak divèsite rasyal nan analiz la. Kalkil divèsite ESRI a makonnen jiska sèt (7) gwoup rasyal. Si yon zòn divès sou plan etnik, donk li kalkile divèsite a. Endis Divèsite a disponib jiska jewografi nivo gwoup blòk la.

http://downloads.esri.com/support/whitepapers/other_/2015_USA_ESRI_Diversity_Index_Methodology.pdf

Rejyon Downstate: yo defini li tankou: Vil New York, Long Island (Nassau, Suffolk), rejyon Westchester (Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester)

An Règ: se yon pwogram gadri ki gen otorizasyon ki nan yon sitiyasyon pou li peye ki pa koube anba kèk aksyon aplikasyon OCFS oswa Depatman Sante ak Ijyèn Konpòtmantal Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH).

Estat ki Pa Elijib yo Gen Ladan:

Men estat ki aplikasyon OCFS ki pa elijib:

- Sispansyon Lisans
- Limit Lisans
- Retrè ak Pwopozisyon pou Anile Lisans
- ~~Pwopozisyon pou Anile Lisans~~ (Modifye nan dat 24 mas 2022)
- Refi Aplikasyon pou Renouvle Lisans

Estat ki aplikasyon DOHMH ki pa elijib yo se:

- Yo Anile Pèmi an
- Yo Sispann Pèmi an
- Fè Fayit
- Ekspire

Yo dwe voye kesyon konsènan estati aplikasyon lalwa nan vil New York bay NYCDOHMH.

Plas pou Tibebe/Timoun Piti: Plas pou Tibebe/Timoun Piti se sèvis gadri yo bay yon timoun ki fenk fèt rive jiska 36 mwa. Sèvis ak pèsonèl sa yo dwe satisfè tout egzijans reglemantè ak egzijans pwogram lan pou franch laj sa a. Pou gadri Atik 47 nan Vil New York, yo defini pwogram pou tibebe/timoun piti yo kòm pwogram gadri ki okipe timoun ki gen mwens 24 mwa yo.

Modalite: Kalite pwogram yo bay. Tanpri gade nan <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/regulations/> pou w jwenn definisyon jiridik konplè yo.

- **Gadri Familyal (Family Day Care, FDC)** se yon pwogram ki okipe timoun pandan plis pase twa (3) èdtan pa jou pou chak timoun kote yo bay sèvis gadri nan yon kay ki gen fanmi pou twa (3) rive jiska uit (8) timoun.
- **Gadri Familyal An Gwoup (Group Family Day Care, GFDC)** se yon pwogram ki okipe timoun pandan plis pase twa (3) èdtan pa jou pou chak timoun kote yo bay sèvis gadri nan yon kay ki gen fanmi pou sèt (7) rive jiska douz (12) timoun, plis kat (4) lòt timoun ki gen laj pou ale lekòl, pou yon total sèz (16) timoun
- **Gadri (CDC)** se yon pwogram oswa etablisman ki pa yon rezidans kote yo bay plis pase sis (6) timoun pandan plis pase twa (3) èdtan pa jou pou chak timoun sèvis gadri regilyèman pou yon frè oswa yon lòt manyè.
 - Pou Gadri Atik 47 Vil New York yo: Pwogram gadri vle di nenpòt pwogram ki bay twa (3) oswa plis timoun ki poko gen sis (6) lane sèvis gadri pandan senk (5) èdtan oswa plis pa semèn, pandan plis pase 30 jou nan yon peryòd 12 mwa.
- **Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Ale Lekòl (School Age Child Care, SACC)** se yon pwogram oswa etablisman ki pa yon rezidans kote yo bay sèvis gadri pou yon gwoup sèt (7) timoun oswa plis ki enskri ki poko gen 13 lane pandan ane lekòl la anvan ak/oswa apre peryòd timoun sa yo jeneralman nan lekòl oswa pandan peryòd kantin lekòl yo. Pwogram pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo gendwa bay sèvis gadri tou pandan vakans lekòl yo ak peryòd sa yo nan lane a kote lekòl pa louvri, tankou gran vakans.

Nouvo Pwogram: ~~Se yon moun oswa antite ki pa gen otorizasyon epi ki ap aplike pou li jwenn otorizasyon pou li jere yon pwogram gadri yon kote ki espesifik.~~ Se yon moun oswa antite ki ap aplike pou li jwenn otorizasyon pou li jere yon pwogram gadri pou timoun yon kote ki espesifik. (Modifye nan dat 24 mas 2022) Fòk li respekte estati OCFS ki se “Yo Mande Aplikasyon an” oswa “Yo Resevwa Aplikasyon an” nan moman aplikasyon pou premye sibvansyon an. Aplikan yo bay apwobasyon alavans yo dwe respekte limit minimal pou enfòmasyon sou otorizasyon an jan yo defini sa nan politik OCFS la (**Gade Dokiman 2, Egzijans Soumisyon Minimòm pou Otorizasyon/Anrejistremant Gadri nan OCFS**) nan espas 60 jou apre dat ki sou lèt apwobasyon alavans lan pou yo ba li yon otorizasyon pou yon nouvo pwogram nan espas 120 jou apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an. Aplikan nan Vil New York dwe reponn ak tout egzijans pou

jwenn pèmi anvan 120 jou apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an.

~~Pwogram k ap chanje metòd yo epi elaji kapasite yo konsidere kòm yon "nouvo pwogram", pa egzanp, yon Gadri Familyal (Family Daycare, FDC) ki pral vin yon Gadri Familyal an Gwoup (Group Family Daycare, GFDC).~~

Tanpri sonje: Yo konsidere pwogram ki ap chanje metòd fonksyonman yo epi ki ap elaji kapasite yo pa egzanp, yon Gadri Familyal, (Family Daycare, FDC) ki pral vin yon Gadri Familyal An Gwoup (Group Family Daycare, GFDC) kòm yon "nouvo pwogram". Yo ta kapab konsidere yon founisè ki gen lisans ki ap ouvè yon nouvo etablisman antanke yon founisè k ap ouvè yon "nouvo pwogram" si nouvo kote sa pa t deja gen yon lisans. Pwogram oswa founisè ki gen yon otorizasyon nan lane ki vini anvan dat piblikasyon RFA sa a oswa ki gen otorizasyon ki ajou epi ki ap chanje kote yo baze men ki pa, an reyalyte, elaji kapasite otorize yo a, p ap kalifye pou aplike.

Orè ki Pa Nòmal (Modifye nan dat 24 mas 2022): se èdtan laswenyay yo bay apre 7è PM rive jiska 6è AM, anplis jou wikenn yo ak jou ferye sa yo: Joudlan, Jou Memoryal, Jou Endepandans, Jou Fèt Travay, Jou Aksyondgras (Thanksgiving), ak Fèt Nwèl. Pwogram yo dwe satisfè tout egzijans reglemantè yo ak egzijans pwogram yo pou sèvis sa yo epi jwenn apwobasyon lisans pou yo bay sèvis pandan èdtan sa yo.

~~Pou Gadri Atik 47 Vil New York yo, yo konsidere orè ki pa nòmal yo tankou yon pwogram Gadri Leswa, yo defini tankou yon pwogram gadri ki aksepte timoun pou okipe apati 5è PM, ki bay sèvis gadri ant 5è PM ak 8è AM, epi ki fonksyone plis pase yon nuit pa semèn, pandan plis pase 30 pandan yon peryòd 12 mwa. Pou Gadri ki gen pou wè ak Atik 47 Vil New York yo, yo defini orè iregilye yo dapre definisyon ak kritè RFA yo. Tanpri sonje: Pwogram ki swete ofri sèvis pandan lannuit yo ap bezwen konfòme yo ak egzijans pwogram pèmi pou Gadri Timoun k ap fonksyone Lannuit yo, ki se yon pwogram yo dekri ki ofri sèvis gadri ki aksepte timoun pou okipe apati 5è PM, ki bay sèvis gadri ant 5è PM ak 8è AM, epi ki fonksyone plis pase yon nuit pa semèn, pandan plis pase 30 pandan yon peryòd 12 mwa.~~

Yo dwe pwopoze orè fonksyonman iregilye nan kad sèvis gadri yo, jan sa dekri nan RFA an, pandan yon minimòm 15 èdtan pa semèn pou tout metòd fonksyonman nan kad sèvis gadri sof pou SACC. Pwogram SACC yo dwe ofri sèvis gadri yo nan 75% konje ak vakans eskolè yo nan konfòmite ak kalandriye eskolè lekòl kote yo baze yo. Yo pa kontwole orè nan vakans ete yo nan pousantaj sa pou yo konsidere SACC yo kapab kalifye pou orè iregilye yo.

REDC- Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal:

(<https://regionalcouncils.ny.gov/>), klike sou Regions (Rejyon) pou w chwazi rejyon ou ye a. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki konpoze ak ekspè lokal ak aktè ki soti nan biznis, akademi, gouvènman lokal, ak òganizasyon ki pa òganizasyon gouvènman yo. Devlopman bilding Empire State (Empire State Development, ESD) nan Eta New York se ajans prensipal ki ap jere Konsèy Rejyonal yo. Ajans Eta yo,

otorite ak depatman yo se patisipan aktif ki ap travay avèk Konsèy yo epi bay resous ki nesèsè yo. Anplis, Konsèy Rejyonal yo envite enstitisyon akademik yo, gwoup refleksyon yo ak lòt òganizasyon ki endepandan yo, si sa nesèsè.

Rès New York la gen ladan: Tout konte nan Eta New York ki deyò Rejyon Downstate yo.

2.0 APÈSI

2.1 **Entwodiksyon/Deskripsyon Objektif ak Kontèks Pwogram lan**

Eta New York te idantifye 100 milyon dola pou li rezoud pwoblèm dezè nan zafè gadri a nan kontrui ak elaji kapasite gadri ki gen otorizasyon yo nan zòn sa yo nan Eta ki gen mwens sèvis. Sibvansyon ki soti ladan li an se pou ogmante kantite plas gadri ki disponib nan Eta New York nan zòn yo idantifye kòm zòn ki gen bezwen yo. Itilizasyon finansman ki soti nan American Rescue Plan Act (ARPA), finansman sa a reprezante yon opòtinite san parèy pou ranfòse kapasite ak ekonomi Eta a, nan rezoud pwoblèm ki fè enpak sou biznis yo tankou absans pèmanan, rediksyon nan pwodiktivite ak woulman oswa chif dafè poutèt opsyon ki pa sifizan pou sèvis gadri bon kalite nan zòn ki plis bezwen li yo nan Eta a. Anplis, finansman sa a rekonèt genyen yon gwo rate nan zafè sèvis gadri pou tibebe ak timoun piti ak yon mank sèvis gadri ki disponib an deyò lè ak jou nòmal biwo louvri. Dokiman sa a dekri tout egzijans nan zafè elijiblite, pwogram ak depans otorize ki gen pou wè ak sibvansyon Envesti nan Gadri nan New York la.

OCFS ak Konsèy pou Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families, CCF) te kreye yon zouti katografi anliy ki endike Zòn Resansman yo nan Eta New York ki se dezè nan zafè sèvis gadri ak yon nòt potansyèl sou RFA sa a si yon pwogram ta aplike apati zòn sa a. Tout aplikan yo ta dwe byen egzamine kat la pou yo jwenn plis detay sou sit pwogram yo pwopoze a. Dokiman 3 – Kat ki Gen Dezè nan zafè Sèvis Gadri REDC a disponib nan: https://bit.ly/cc_deserts

OCFS rezève li dwa pou li korije tèm ak kondisyon pou jwenn posiblite sibvansyon sa a epi li ap afiche nenpòt mizajou ki fèt nan dokiman sa a sou sitwèb OCFS la.

2.2 **Konsiderasyon OCFS Nan Tout Eta a**

Kad pou Egalite Rasyal pou **Inisyativ Envesti nan Gadri New York**

Avèk yon investisman istorik pou kreye òf pou sèvis gadri nan Eta New York, nou dwe asire nou bati yon kad pou egalite rasyal nan opòtinite finansman an yon fason pou kominote moun ki pa blan pandemi COVID-19 la te touche plis yo gen priyorite epi jwenn sipò pou yo rekonstui plas pou gadri.

Founisè sèvis gadri yo ak pèsònèl yo se sitou fanm ak moun ki pa blan yo, sa ki fè opòtinite finansman sa a se yon chans pou kolabore avèk lidè ak antreprenè

sa yo epi fè investiman ki gen enpak ki kapab fè chanjman reyèl pou fanmi ak kominote yo.

Yo ap mete aksan sou kad pou egalite rasyal sa a pandan tout pwosesis planifikasyon ak sibvansyon an pou asire opòtinite estriktire pou li kore prensip sa yo.

Prensip Egalite Rasyal yo:

Nan Eta New York, nou konnen sa nou dwe fè pou nou abòde zafè egalite rasyal la. Pou opòtinite finansman sa a, nou chwazi fè aksyon nan aplike prensip sa yo nan travay nou ap fè a:

Pou nou kanpe bòkote moun ki pa blan yo epi santre vwa moun ki gen eksperyans yo te viv pandan pwosesis elaborasyon politik la;

Pou nou rasanble ak analize done yo divize selon ras ak gwoup etnik pou n konprann ak rezoud pwoblèm egalite yo epi pibliye enfòmasyon sa yo pou nou pote transparans ak responsablite nan pwosesis la;

Pou nou ogmante atansyon sou egalite rasyal la nan travay nou an nan kontinye egzamine ak abòde kòz sistemik pwoblèm egalite yo;

Pou nou antirasis, pran angajman pou konbat ak tout fòs nou zafè rasis ak entolerans nan tout pati inisyativ la.

2.3 Objektif ak Disponiblite Finansman an (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)

OCFS ap mete 100 milyon dola disponib pou sibvansyon Envesti nan Gadri New York: Pwogram sibvansyon pou Dezè nan zafè Sèvis Gadri. Finansman federal la disponib nan ARPA. RFA sa a ap mete 63 milyon dola disponib **pou nouvo pwogram yo sèlman**, yo dwe soumèt aplikasyon yo nan dat ak lè ki nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**. Yo ap rezève 7 milyon dola pou finanse bonis sibvansyon pou nouvo pwogram yo nan kad RFA sa a, pou yon total 70 milyon dola (70% nan fon sibvansyon antou ki disponib yo).

Yo ap pibliye yon RFA apa alavni, ki fè antou 30 milyon dola, pou elaji pwogram ki egziste yo.

Sibvansyon Envesti nan Gadri New York ap aksepte aplikasyon **pou nouvo pwogram yo** pandan dat ak peryòd ki endike nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**, menm si OCFS rezève li dwa pou li pwolonje peryòd aplikasyon an oswa ajoute yon lòt peryòd aplikasyon apa si gen plis finansman ki vin disponib. Founisè yo kapab benefisye sèlman yon sibvansyon pou chak pwogram ki gen otorizasyon. Si yon founisè ap soumèt yon aplikasyon pou plizyè sit pwogram, li dwe soumèt yon aplikasyon apa pou chak sit pwogram.

Sibvansyon yo bay nan kad RFA sa a se ap 63 milyon dola pou nouvo pwogram yo epi jiska 7 milyon dola bonis. Tablo sa a montre total maksimòm pou sibvansyon debaz yo ka bay nan kad RFA sa a selon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) ak kalite pwogram lan:

Rès New York / Nan Sid (Downstate)	REDC	Nouvo pwogram pou gadri – Finansman ki Disponib pou Sibvansyon Debaz			
		DCC	FDC/GFDC	SACC	Total
Nan Sid (Downstate)	Long Island	\$ 6,695,870	\$ 2,231,957	\$ 2,231,957	\$ 11,159,784
	Mid-Hudson	\$ 6,527,299	\$ 2,175,766	\$ 2,175,766	\$ 10,878,831
	Vil New York	\$ 9,456,831	\$ 3,152,277	\$ 3,152,277	\$ 15,761,385
	Soutotal	\$ 22,680,000	\$ 7,560,000	\$ 7,560,000	\$ 37,800,000
Rès New York	Rejyon Kapital	\$ 2,198,438	\$ 732,812	\$ 732,812	\$ 3,664,062
	Central NY (Rejyon Santral Eta New York)	\$ 2,196,081	\$ 732,027	\$ 732,027	\$ 3,660,135
	Finger Lakes	\$ 2,441,945	\$ 813,982	\$ 813,982	\$ 4,069,909
	Mohawk Valley	\$ 1,831,493	\$ 610,498	\$ 610,498	\$ 3,052,489
	North Country	\$ 1,829,802	\$ 609,934	\$ 609,934	\$ 3,049,670
	Southern Tier (Nivo Sid)	\$ 2,113,988	\$ 704,662	\$ 704,662	\$ 3,523,312
	Western NY (Lwès Eta New York)	\$ 2,508,253	\$ 836,085	\$ 836,085	\$ 4,180,423
Soutotal	\$ 15,120,000	\$ 5,040,000	\$ 5,040,000	\$ 25,200,000	
	Tout Rejyon yo	\$ 37,800,000	\$ 12,600,000	\$ 12,600,000	\$ 63,000,000

Tablo sa a montre total maksimòm pou finansman bonis pou pwofesyonèl gadri ki louvri plas pou tibebe/timoun piti ak laswenyay pandan orè ki pa nòminal REDC ka bay nan kad RFA sa a ak kalite pwogram lan:

Rès New York / Nan Sid (Downstate)	REDC	Nouvo pwogram pou gadri – Finansman ki Disponib pou Bonis Debaz			
		DCC	FDC/GFDC	SACC	Total
Nan Sid (Downstate)	Long Island	\$ 743,986	\$ 247,995	\$ 247,995	\$ 1,239,976
	Mid-Hudson	\$ 725,255	\$ 241,752	\$ 241,752	\$ 1,208,759
	Vil New York	\$ 1,050,759	\$ 350,253	\$ 350,253	\$ 1,751,265
	Soutotal	\$ 2,520,000	\$ 840,000	\$ 840,000	\$ 4,200,000
Rès New York	Rejyon Kapital	\$ 244,271	\$ 81,424	\$ 81,424	\$ 407,119
	Central NY (Rejyon Santral Eta New York)	\$ 244,009	\$ 81,336	\$ 81,336	\$ 406,681
	Finger Lakes	\$ 271,327	\$ 90,442	\$ 90,442	\$ 452,211
	Mohawk Valley	\$ 203,499	\$ 67,833	\$ 67,833	\$ 339,165
	North Country	\$ 203,311	\$ 67,770	\$ 67,770	\$ 338,851
	Southern Tier (Nivo Sid)	\$ 234,887	\$ 78,296	\$ 78,296	\$ 391,479
	Western NY (Lwès Eta New York)	\$ 278,696	\$ 92,899	\$ 92,899	\$ 464,494
	Soutotal	\$ 1,680,000	\$ 560,000	\$ 560,000	\$ 2,800,000
	Tout Rejyon yo	\$ 4,200,000	\$ 1,400,000	\$ 1,400,000	\$ 7,000,000

OCFS rezève li dwa pou li ajiste finansman an jan sa endike nan Seksyon 1.6, Dwa Rezève OCFS.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo genyen ladan konte sa yo:

- **Lwès Eta New York:** Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara
- **Finger Lakes:** Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Seneca, Wayne, Wyoming, Yates
- **Southern Tier (Nivo Sid):** Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, Tompkins
- **Central New York (Rejyon Santral Eta New York):** Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego
- **Mohawk Valley:** Fulton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Otsego, Schoharie
- **North Country:** Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson, Lewis, St. Lawrence
- **Rejyon Kapital:** Albany, Columbia, Greene, Saratoga, Schenectady, Rensselaer, Warren, Washington
- **Mid-Hudson:** Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester
- **Vil New York:** Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens
- **Long Island:** Nassau, Suffolk

Sibvansyon pou Dezè nan zafè Sèvis Gadri 2021-2022– (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022) se montan total sibvansyon pou chak pwogram gadri, yo repati sou de (2) lane pandan yo prevwa bay otorizasyon an nan yon delè 120 jou apre dat lèt apwobasyon alavans OCFS la. Yo ka redwi montan definitif sibvansyon an si yo pa bay otorizasyon an nan delè sa a.

Yo kalkile sibvansyon pou gadri ki nan **sant** sou baz plas chak gadri ki gen otorizasyon selon kapasite yo otorize a

Modalite	Kote	Montan Sibvansyon sou De (2) Lane anyèl pou Chak Plas	Limit Montan Sibvansyon Maksimòm anyèl sou De (2) Lane
Gadri An Gwoup (Group Day Care, GDC)	Vil New York	\$9,000	\$500,000
Gadri (Day Care Centers, DCC)	Long Island RO ak Westchester RO	\$9,000	\$500,000
	Rès New York	\$7,000	\$400,000
Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Ale Lekòl (School Age Child Care, SACC)	Vil New York	\$3,300	\$300,000
	Long Island RO ak Westchester RO	\$3,300	\$300,000
	Rès New York	\$2,500	\$200,000

Men fason yo te kalkile montan sibvansyon pou gadri an gwoup ak gadri yo selon plas yo: Yon te konsidere estimasyon frè anyèl Sant pou Pwogrè Ameriken (<https://www.americanprogress.org/issues/early-childhood/reports/2021/06/28/501067/true-cost-high-quality-child-care-across-united-states/>) te fè pou chak timoun piti pou gadri kalite siperyè ki nan sant yo nan New York kòm frè konplè laswenyay pou chak plas pou Vil New York, Long Island Region, ak Rejyon Westchester, epi yo kalkile li opworata a 75% pou tout lòt rejyon yo nan New York. Li te miltipliye frè pou chak plas pa 50% pou sibvansyone laswenyay, men se pa pou finanse li nè. Anfen, li te divize frè pou chak plas pa 65% pou li kalkile montan ki enpòtan yo, men se pa pou depase finansman ki disponib lan, selon yon estimasyon kantite nouvo pwogram ki pral louvri pandan opòtinite finansman an, gwochè pwogram lan an mwayèn, ak kalifikasyon pou finansman kote a nan yon dezè nan zafè sèvis gadri. Li ap kalkile sibvansyon yo sou yon baz chak plas.

Men fason yo te kalkile montan sibvansyon pou gadri timoun ki gen laj pou ale lekòl yo selon plas yo: Yo te itilize estimasyon frè anyèl Sant pou Pwogrè Ameriken (<https://www.americanprogress.org/issues/early-childhood/reports/2021/06/28/501067/true-cost-high-quality-child-care-across-united-states/>) te fè pou chak timoun ki gen laj preskolè pou gadri kalite siperyè ki nan sant yo nan New York miltipliye pa 50% pou estime frè konplè laswenyay pou chak tranche laj lekòl pou Vil New York, Long Island Region, ak Rejyon Westchester, epi yo kalkile li opworata a 75% pou tout lòt rejyon yo nan New York. Li te miltipliye frè pou chak plas pa 50% pou sibvansyone laswenyay, men se pa pou finanse li nè. Anfen, li te divize frè pou chak plas pa 65% pou li kalkile montan ki enpòtan yo, men se pa pou depase finansman ki disponib lan, selon yon estimasyon kantite nouvo pwogram ki pral louvri pandan opòtinite finansman an, gwochè pwogram lan an mwayèn, ak kalifikasyon pou finansman kote a nan yon dezè nan zafè sèvis gadri. Li ap kalkile sibvansyon yo sou yon baz chak plas.

Yo kalkile sibvansyon pou gadri **adomisil** yo sou yon baz pwogram pou kapasite ki otorize a

Modalite	Kote	Montan Sibvansyon sou De (2) Lane anyèl pou Pwogram
Gadri Familyal (Family Day Care, FDC)	Vil New York	\$18,000
	Long Island RO ak Westchester RO	\$18,000
	Rès New York	\$14,000
Gadri Familyal An Gwoup (Group Family Day Care, GFDC)	Vil New York	\$30,000
	Long Island RO ak Westchester RO	\$30,000
	Rès New York	\$23,000

Men fason yo te kalkile montan sibvansyon pou chak pwogram: Yon te konsidere estimasyon frè anyèl Sant pou Pwogrè Ameriken (<https://www.americanprogress.org/issues/early-childhood/reports/2021/06/28/501067/true-cost-high-quality-child-care-across-united-states/>) te fè pou jere yon gadri adomisil nan New York kòm frè pou pwogram gadri familyal an gwoup adomisil pou Vil New York, Long Island Region, ak Rejyon Westchester, epi yo kalkile li opworata a 75% pou tout lòt rejyon yo nan New York. Li te kalkile opworata frè pou pwogram gadri familyal adomisil a 60% nan frè pou gadri familyal an gwoup la. Anfen, li te divize frè pou chak pwogram pa 85% pou li kalkile montan ki enpòtan yo, men se pa pou depase finansman ki disponib lan, selon yon estimasyon kantite nouvo pwogram ki pral louvri pandan opòtinite finansman an, gwosè pwogram lan an mwayèn, ak kalifikasyon pou finansman selon kote a nan yon dezè nan zafè sèvis gadri.

Bonis pou Sibvansyon

1. Swen Tibebe/Timoun Piti: (Modifye nan dat 24 mas 2022):

Plas pou Tibebe/Timoun Piti se sèvis gadri yo bay yon timoun ki fenk fèt rive jiska 36 mwa, oswa jiska 24 mwa pou gadri Atik 47 Vil New York yo. Sèvis ak pèsònèl sa yo dwe satisfè tout egzijans reglemantè ak egzijans pwogram lan pou tranç laj sa a.

Founisè ki resevwa yon otorizasyon pou pran tibebe/timoun piti ap benefisye yon \$3000 anplis pou chak plas pou tibebe/timoun piti chak ane. Pou founisè yo elijib pou bonis sa a, yo dwe bay plan pou pèsònèl/orè travay, kalifikasyon pèsònèl ak dokiman rejis prezans pèsònèl la pou yo respekte rasyo pèsònèl/timoun pou plas yo bay yo. Anplis, pwogram lan dwe fè rapò chak twa (3) mwa sou kantite tibebe/timoun piti ki anrejistre pou chak trimès nan sibvansyon an pou l benefisye peman chak twa (3) mwa pou li bay plas sa yo.

Pwogram Gadri Familyal yo ki ap aplike pou bonis sa, pral kalifye pou finansman pou jiska de (2) tranch orè. Pwogram Gadri Familyal an Gwoup yo ki ap aplike pou bonis sa, pral kalifye pou finansman pou jiska kat (4) tranch orè. Tanpri sonje: sa p ap gen okenn enpak sou konbyen timoun founisè sèvis gadri yo ap genyen otorizasyon pou akeyi dapre lisans yo genyen an ak règleman ki aplikab yo.

2. Orè ki Pa Nòmàl: (Modifye nan dat 24 mas 2022):

~~Founisè ki resevwa yon otorizasyon epi ki pral bay laswenyay pandan orè ki pa nòmàl yo (yo defini tankou apre 7è PM rive jiska 6è AM, anplis jou wikenn yo ak jou ferye sa yo):~~ Founisè ki resevwa yon lisans epi ki pral ofri sèvis gadri pandan orè ki pa nòmàl yo (yo defini orè ki pa nòmàl tankou apre 7è PM rive jiska 6è AM, epi tou jou wikenn yo ak jou ferye sa yo: Joudlan, Jou Memoryal, Jou Endepandans, Jou Fèt Travay, Jou Aksyondgras (Thanksgiving), ak Fèt Nwèl, oswa selon yon Pwogram Gadri Lannuit nan Vil New York), epi ki fè rapò chak twa (3) mwa sou kantite jèn yo te bay laswenyay pandan èdtan ki pa nòmàl pandan trimès la ap benefisye \$3000 anplis chak ane pou chak plas yo bay. Epi tou, founisè yo dwe bay yon dokiman ki gen pou wè ak egzèsis evakyasyon dife ak/oswa egzèsis mete alabri, mande woulman swen anplis, plan pou pèsònèl/orè travay, kalifikasyon pèsònèl ak dokiman rejis prezans pèsònèl la pou yo respekte rasyon pèsònèl/timoun pou plas yo bay yo.

Pou Gadri ki gen pou wè ak Atik 47 Vil New York yo, yo defini orè iregilye yo dapre definisyon ak kritè RFA yo. Tanpri sonje: Pwogram ki swete ofri sèvis pandan lannuit yo ap bezwen konfòme yo ak egzijans pwogram pèmi pou Gadri Timoun k ap fonksyone Lannuit yo, ki se yon pwogram yo dekri ki ofri sèvis gadri ki aksepte timoun pou okipe apati 5è PM, ki bay sèvis gadri ant 5è PM ak 8è AM, epi ki fonksyone plis pase yon nuit pa semèn, pandan plis pase 30 pandan yon peryòd 12 mwa.

Yo dwe pwopoze orè fonksyònman iregilye nan kad sèvis gadri yo, jan sa dekri nan RFA an, pandan yon minimòm 15 èdtan pa semèn pou tout metòd fonksyònman nan kad sèvis gadri sof pou SACC. Pwogram SACC yo dwe ofri sèvis gadri yo nan 75% konje ak vakans eskolè yo nan konfòmite ak kalandriye eskolè lekòl kote yo baze yo. Yo pa kontwole orè nan vakans ete yo nan pousantaj sa pou yo konsidere SACC yo kapab kalifye pou orè iregilye yo.

Itilizasyon Finansman pou Dezè nan zafè Sèvis Gadri yo Otorize

Pou rezon yo otorize nan kad direktiv federal yo epi apati dat soumisyon aplikasyon pou sibvansyon an, itilizasyon yo otorize moun fè nan fon sibvansyon Envesti nan Gadri New York la se:

- Frè elaborasyon pwogram ak depans pou fonksyònman pwogram akoutèm, ki gen ladan men gen toujou: Depans pou pèsònèl la, tankou pewòl, salè, menm pèman pou anplwaye, avantaj sosyal, frè retrèt, frè edikasyon, lòt depans pou biznis gadri; ak frè pou pèsònèl sipò a jwenn vakans COVID-19 yo; Lwaye (ki gen ladan yon kontra lwaye) oswa peman sou nenpòt obligasyon ipotèk, Sèvis piblik (chofaj, asirans, kouran). Pou

founisè ki adomisil yo, depans yo ta dwe kadre avèk metòd repatisyon frè yo apwouve a.

- Depans pou fòmasyon ak asistans teknik, tankou devlopman pwofesyonèl, fòmasyon komèsyal, sèvis pou biznis.

RFA Envesti nan Gadri New York sa a mete aksan sou jan li enpòtan pou peye pèsònèl gadri yo yon salè ki akseptab. Nouvo founisè yo pa kapab reyisi amwenske yo konsantre yo sou rekrite, retni ak fòme pèsònèl la pou yo reponn ak bezwen pwogram lan. Pifò pèsònèl pwogram gadri yo se fanm, epi plis pase 30% se fanm ki pa blan. Epi, pou yo atenn egalite, nivo finansman nan RFA sa a dwe abòde zafè salè egalego pou mendèv la.

Depans mendèv yo se depans ki elijib epi nou ankouraje aplikan yo pou yo itilize fon yo pou ankouraje anbochay, bay bonis pou anbochay, ak lòt depans mendèv.

Egzanp Depans ki Otorize yo gen ladan, men gen toujou, lis yo bay nan **Dokiman 4, Lis Depans ki Otorize yo**

Finansman pou Biling ak Konstriksyon

Yo pa kapab itilize finansman ki disponib nan RFA Annijans sa a pou fè gwo renovasyon oswa depans investisman, selon direktiv Federal CCDP yo. Yo ap ede founisè ki bezwen finansman kapital yo idantifye sous finansman potansyèl yo atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo ak lòt sous potansyèl yo.

Ajans ki bay sibvansyon federal yo gen kèk responsablite ki gen pou wè ak sibvansyon federal yo fè. Kòd Règleman Federal (Code of Federal Regulations, CFR) Tit 2 §200.210 nan “Egzijans pou Sibvansyon Federal Alavans ak Kontni Sibvansyon Federal,” nan Gid Inifòm (2014) Biwo pou Jesyon ak Bidjè (Office of Management and Budget, OMB) prevwa enfòmasyon sou sibvansyon federal yo dwe bay chak soubenefisyè yon sibvansyon federal. OCFS te detèmine yo konsidere benefisyè nan kad acha sa a kòm Soubenefisyè jan sa endike nan 2 CFR §200.330 pou yo egzekite yon pati nan yon sibvansyon Federal. OCFS ap bay enfòmasyon sa yo pou ede benefisyè a respekte Dispozisyon Kontra pou Antite ki pa Antite Federal, Anèks II nan 2 CFR Part 200.

Anplis, gade **Dokiman 5 – Egzijans pou Sibvansyon Federal ARPA.**

Yo pa otorize okenn avans sou peman nan kad acha sa a.

Jan sa endike sa nan **Seksyon 1.6 Tout Dwa Rezève OCFS yo** anwo a, OCFS rezève li dwa pou li mete yon limit monetè sou montan finansman li fè nan kad chak sibvansyon.

2.4 Dire Rekonpans ak Enfòmasyon sou Peman (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)

Sibvansyon Envesti nan Gadri New York yo la pou jiska de (2) lane. Aplikan yo ap aplike apati **4/11/22** pou pi bonè epi li ap fini anvan **5/19/22** pou pi ta. Depi yo fin pran desizyon pou bay sibvansyon an, yo ap voye yon lèt apwobasyon alavans bay benefisyè yo. ~~Lè OCFS apwouve lisans lan epi apre li fin detèmine aplikan yo responsab apre yo fin soumèt enfòmasyon sou Responsablite Vandè yo a, li ap bay yon lèt sibvansyon fòmèl.~~ Lè OCFS apwouve lisans lan, lè li fin verifye nimewo idantifikasyon SFS la jan w te bay oswa kreye l la atravè aplikasyon an, epi apre li fin detèmine aplikan yo responsab apre yo fin soumèt enfòmasyon sou Responsablite Vandè yo a, li ap bay yon lèt sibvansyon fòmèl. Kantite sibvansyon final la ak pèman pèmanan yo p ap depase kantite tranch orè ki pi ba yo pwoopze nan dat soumisyon aplikasyon an oswa kapasite ki apwouve pou lisans lan, epi yo kapab ajiste l selon enspeksyon chak trimès yo dapre sa ki di nan Seksyon 4.1 an, Rezilta yo Vize yo ak Egzijans Pwogram lan. (Modifye nan dat 24 mas 2022) Apre otorizasyon ak sibvansyon an, yo kapab aplike peman sibvansyon yo nan frè pwojè aplikan yo te peye apati dat yo te soumèt aplikasyon pou sibvansyon an. Yo pa p fè peman sibvansyon final apre 30 jen 2024.

Enfòmasyon sou Peman

Yo prevwa finansman an ap kounye a pandan dire sibvansyon an men li depannde fon federal ki kontinye ap disponib ki pa garanti. Founisè yo pa ka kòmanse bay sèvis gadri anvan dat otorizasyon an, epi benefisyè yo pa kapab itilize fon yo pou okenn depans elijib yo fè anvan dat aplikasyon pou sibvansyon an (si yo bay li); OCFS pa gen okenn obligasyon pou li peye pou sèvis yo rann anvan lè sa a. Yo pa kapab fè peman yo anvan yo bay sibvansyon fòmèl la epi anvan yo satisfè tout egzijans anvan ak apre sibvansyon an tankou responsablite vandè a.

Yo ap fè premye nan 8 peman chak twa mwa yo nan enuityèm ($1/8^{\text{yèm}}$) montan total sibvansyon an apre yo fin bay nouvo pwogram lan otorizasyon an epi yo satisfè tout egzijans anvan ak apre sibvansyon an. Yo ap fè lòt 7 peman yo chak twa (3) mwa apre yo fin fè premye peman an depi benefisyè a fè tout sa li te dwe fè jan sa endike nan **Seksyon 4.1 Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan.**

Anplis premye peman an, yo ap divize montan sibvansyon debaz ki rete a an peman chak twa (3) mwa sou 7 trimès, epi yo ap fè peman yo bay founisè ki rete louvri, ki bay swen fas-a-fas (oswa ki genyen pèsonèl sou plas pou bay laswenyay pou plas ki apwouve yo), ki “an règ” epi ki gen enspeksyon oswa egzamen dokiman chak twa (3) mwa yo ki montre yo atenn objektif sibvansyon pou trimès la. Founisè yo dwe soumèt dokiman ki gen pou wè ak rezilta pwogram **Seksyon 4.1** OCFS mande a nan espas 30 jou ki vini apre fen chak trimès epi ranpli sètifikasyon OCFS la chak twa (3) mwa nan kad sistèm sibvansyon OCFS la. Founisè yo ap oblije kenbe dokiman tout depans ki gen

pou wè ak sibvansyon an men yo oblije soumèt yo bay OCFS sof si yo mande yo fè sa.

Yo ap peye bonis pou Tibebe/Timoun Piti ak Orè ki Pa Nòmal yo nan fen chak trimès an peman ki egal lè aplikan an fè sètifikasyon chak twa (3) mwa a epi li atenn objektif obligatwa yo jan sa endike nan **Seksyon 4.1 Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan.**

Si pwogram yo fèmen nan fen peryòd sibvansyon **jiska** 2 lane a, yo pa p elijib pou benefisye fon sibvansyon OCFS la apre dat fèmti pwogram lan epi yo ap oblije remèt OCFS nenpòt fon sibvansyon yo benefisye men yo pa depanse.

Pou yo elijib pou tout peman sibvansyon yo, tout founisè ki fenk jwenn otorizasyon yo dwe “An Règ” epi yo pa dwe nan yon estati ki pa elijib jan yo defini sa nan **Seksyon 1.7 Definisyon RFA yo** Yo dwe voye kesyon konsènan estati aplikasyon lalwa nan vil New York bay NYC DOHMH.

Founisè yo genyen jiska dat sibvansyon an fini pou yo fè nenpòt peman pou itilizasyon Sibvansyon Envesti nan Gadri New York ki otorize selon tèm ak kondisyon opòtinite sibvansyon sa a. Yo dwe konsève tout dosye ki gen rapò ak pwogram lan ak finansman pandan 6 lane apre fen peryòd sibvansyon an, selon règ Federal ak Eta pou kenbe dosye.

3.0 KALIFIKASYON MINIMÒM POU APLIKE AK PWOSESIS KALIFIKASYON ALAVANS LAN

3.1 Kalifikasyon Minimòm pou Aplike (Modifye nan dat 9 Fevriye 2022 ak 24 mas 2022)

Founisè Ki Elijib yo Dwe:

(Modifikasyon Nimewo an nan dat 9 fevriye 2022 - lòt chanjman nan Seksyon 3.1 Modifye nan dat 11 mas 2022, sof si ta genyen avi kontrè)

1. Ap lanse yon nouvo pwogram ki fè omwen 30 pwen nan kategori A1-A4 nan **Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an.**

Remak Enpòtan:

- **Tout aplikan yo dwe kominike kote yo pwopoze pwogram gadri pou timoun lan ap ye an bay moun k ap bay yo lisans lan/ regilatè yo an anvan yo soumèt aplikasyon pou sibvansyon an, eksepte Pwogram Gadri pou Timoun ki gen pou wè ak Atik 47 Vil New York yo, ki yo menm dwe soumèt aplikasyon yo an pou yon pèmi anvan yo soumèt aplikasyon pou sibvansyon an. Si kote sit pwogram yo pwopoze a ye a dwe chanje apre vizit sou sit anvan otorizasyon an, aplikan yo dwe bay yon nouvo kote sit la ye ki reponn ak egzijans nan zafè **bay moun k ap bay yo lisans****

lan/regilatè yo an sit selon Seksyon 1.2 Delè pou Soumèt Aplikasyon pou elijib pou jwenn finansman. Si yo pa chanje kote nouvo pwogram lan ye ak enfòmasyon yo (nimewo pou sèvi a ka chanje, elatriye) ~~mam-pa~~ aplikasyon an anvan Delè pou Soumèt Aplikasyon yo, ~~yo pa p-finanse-pwogram-lan-pral anile pwogram lan pou yo pa konsidere l.~~ (Modifye nan dat 24 mas 2022)

- ~~Si a nenpòt moman pandan peryòd sibvansyon an, yon aplikan aplike nan kad yon kalite biznis (pwopriyetè inik, LLC, elatriye) men li chwazi chanje kalite biznis li an anvan fen sibvansyon an, li dwe bay OCFS yo avi fòmèl nan espas 30 jou apre dat li depoze dosye pou nouvo kalite biznis lan. Pou aplikan OCFS yo, si a nenpòt moman pandan peryòd sibvansyon an, yon aplikan ki te aplike nan kad yon kategori biznis (pwopriyetè inik, LLC, elatriye) men li chwazi chanje kategori biznis li an anvan fen sibvansyon an, li dwe bay OCFS yon avi fòmèl nan espas 30 jou apre dat li depoze dosye pou nouvo kalite biznis lan. Avi a obligatwa tou pou nenpòt chanjman ki fèt nan nimewo kontribyab la nan espas 30 apre chanjman an. Si yo pa enfòme OCFS sou chanjman sa a, sa ap fè gen risk pou sibvansyon ak peman ki asosye ak li pran reta oswa anile. Tanpri sonje gen kèk chanjman nan òganizasyon biznis ki mande pou aplike pou jwenn yon nouvo lisans.~~ (Modifye nan dat 24 mas 2022)

2. Te aplike pou yo vin yon **nouvo** pwogram gadri ki gen otorizasyon **men ki poko resevwa yon lisans** oswa yon gadri NYCDOHMH otorize selon Atik 47 la **men ki poko resevwa yon pèmi** oswa ap aplike pou yo vin yon pwogram ki gen otorizasyon oswa pèmi apre avi pou apwobasyon alavans sibvansyon an. Yo konsidere pwogram ki ap chanje modalite yo epi ki ap elaji kapasite yo (pa egzansp, yon Gadri Familyal, (Family Daycare, FDC) ki pral vin yon Gadri Familyal An Gwoup (Group Family Daycare, GFDC) kòm yon “nouvo pwogram”. Remak: Pwogram ki nan estati “Yo Mande/Resevwa Aplikasyon” oswa yo ap egzamine, depi yo pa ba yo yon otorizasyon oswa pèmi anvan yo pibliye RFA a, elijib pou yo aplike.

2. ~~3.~~ Te soumèt **demann yo fè pou yon aplikasyon pou lisans anvan yo soumèt aplikasyon pou sibvansyon**. Tout aplikan yo dwe suiv Oryantasyon anliy lan ANVAN yo aplike:
<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/providers/cdc-orientation.php> epi nan fen Oryantasyon an, aplikan yo kapab mande yon aplikasyon pou otorizasyon.

Oswa (Modifye nan dat 24 mas 2022)

3. ~~4.~~ Pou pwogram ki ap aplike pou yo vin yon gadri NYCDOHMH selon Atik 47 la, ou dwe suiv yon seyans oryantasyon anvan yo bay pèmi (koche kaz ki toupre “Seyans Oryantasyon pou Gadri an Gwoup ak Kandete”, epi klike sou “Continue (Kontinye)” anba paj la) anvan nou aplike pou jwenn yon nouvo pèmi. Apre ou fin patisipe nan oryantasyon sa a, ou kapab aplike pou

yon pèmi pou yon nouvo pwogram gadri. Gadri NYC DOHMH te otorize yo daprè Atik 47 Vil New York yo te dwe aplike pou yo vin yon nouvo pwogram ki gen lisans men yo poko bezwen resevwa yon lisans anvan Dat Soumisyon Aplikasyon an

4. ~~5.~~ Sètifye yo ap satisfè kèk egzijans pandan moman yo ap resevwa peman sibvansyon yo. Founisè yo dwe sètifye nan aplikasyon yo a tout deklarasyon pou yo konsidere pou sibvansyon tankou tout atestasyon ki nan **Seksyon 4.1** an.
5. ~~6.~~ Sètifye yo vle aksepte fanmi ki benefisye sibvansyon pou gadri yo, menm si founisè yo pa p oblije kenbe fanmi ki ap benefisye sibvansyon pandan tout dire sibvansyon an si fanmi yo te chwazi yon lòt founisè.
6. ~~7.~~ Sètifye pou di nan espas sis (6) premye mwa apre sibvansyon, yo ap devlope yon plan dirabilite pou apre sibvansyon an fini epi yo ap devlope plan sa a nan tèt ansanm avèk CCR&R, OCFS, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) ak lòt aktè lokal ak aktè Eta yo.
7. ~~8.~~ Sètifye pou di òganizasyon an ap patisipe nan reyinyon anyèl pou benefisyè Envesti nan Gadri New York yo, nan konsantre sou asistans teknik ak sipò pou pwogram yo, anplis nenpòt reyinyon pou benefisyè rejyonal pandan dire sibvansyon an. Yo ap pwograme reyinyon sa yo, avèk OCFS, Konsèy Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families, CCF) ak lòt patnè yo, alavans nan voye preyavi ki sifizan bay tout founisè yo.
8. ~~9.~~ Sètifye pou di òganizasyon an ap fè fòmasyon sou devlopman komèsyal nan espas premye ane apre sibvansyon an. OCFS ak CCR&R yo a ap ede bay resous pou fòmasyon ki disponib yo. Fòmasyon sou devlopman komèsyal yo ka mande yon frè, ki se yon depans ki otorize pou sibvansyon sa a.
9. ~~10.~~ Sètifye pou di òganizasyon an ap travay pou li kowòdone pwogram gadri a avèk nenpòt distri lekòl piblik enpòtan ki ap mete yon pwogram Pre-K an plas, si sa nesesè.
10. ~~11.~~ Sètifye pou di òganizasyon an ap kolabore avèk pwogram lokal vizit adomisil pou manman, tibebe, ak jèn timoun ak/oswa chita pale sou fason pwogram vizit adomisil la ta kapab bay pwogram gadri a devlopman pwofesyonèl/ankadremman.
11. ~~12.~~ Sètifye pou di òganizasyon an ap travay pou li sèvi kèk popilasyon ki nan gwo bezwen, tankou timoun ki sanzabri ak/oswa timoun ki nan fanmi dakèy, si sa nesesè.
12. ~~13.~~ Sètifye pou di òganizasyon mwen an aksepte objektif plan travay la ak egzijans pwogram nan **Seksyon 4.1, Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan.**

Pwogram ki nan estati “Yo Mande/Resevwa Aplikasyon” oswa yo ap egzamine, depi yo pa ba yo yon otorizasyon oswa pèmi anvan yo pibliye RFA a, elijib pou yo aplike.

Founisè sa yo PA elijib pou yo aplike nan kad RFA sa a:

- Pwogram ki egziste ki gen yon otorizasyon/anrejistreman/pèmi.
- Pwogram oswa founisè ki gen yon otorizasyon nan lane ki vini anvan dat piblikasyon RFA sa a oswa ki gen otorizasyon ki ajou epi ki ap chanje kote yo men ki pa, an reyalite, elaji kapasite otorize yo a.
- Pwogram ki pa reponn ak egzijans pou jwenn otorizasyon.
- Pwogram ki benefisye 100% nan finansman ki soti nan sous piblik yo tankou Head Start/Early Head Start oswa pwogram Pre-K leta finanse yo pa elijib.

3.2 Egzijans nan zafè Responsablite Vandè (Tout Aplikan) (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Seksyon 163(9)(f) nan Lwa sou Finans Eta New York la mande pou yon ajans Eta a pran yon desizyon pou di yon aplikan responsab anvan li bay aplikan sa a yon kontra Eta a. Li ap detèmine responsablite vandè a selon enfòmasyon anliy yo ak enfòmasyon aplikan an bay, anliy, nan aplikasyon pou sibvansyon Investi nan Gadri New York la. ~~Pou sibvansyon ki \$100,000 oswa plis, biznis ki pa la pou fè lajan yo ap reponn kesyon ki pou Antite Komèsyal ki Pa La pou Fè Lajan epi biznis ki la pou fè lajan yo ap reponn kesyon ki pou Antite Komèsyal ki La pou Fè Lajan.~~ Pou sibvansyon ki mwens pase \$100,000 yo, Pou tout sibvansyon yo ap mande pou founisè yo reponn yon pati limite nan kesyon yo. OCFS ap egzamine enfòmasyon yo bay yo anvan li bay yon sibvansyon.

OCFS rezève li dwa pou li rejte nenpòt aplikasyon si, selon desizyon li, li detèmine aplikan an pa yon vandè ki responsab. Tout aplikasyon yo ap koube anba yon desizyon sou responsablite vandè anvan yo bay sibvansyon ofisyèl la, epi yo kapab rewè desizyon sa a nenpòt ki lè anvan yo peye chak sibvansyon. Vandè yo dwe kenbe responsablite yo antanke vandè pandan tout dire sibvansyon an.

4.0 KONDISYON PWOGAM LAN

4.1 Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Pwogram yo apwouve pou bay otorizasyon yo ap ogmante disponiblite gadri pou timoun ak fanmi yo nan Eta New York. Ajans sipèvizyon ki apwopriye a ap enspekte pwogram yo chak twa (3) mwa pou wè modalite ak rejyon yo. Pwogram lan dwe kolabore avèk otorite lokal yo sou

pwosesis enspeksyon an epi li dwe genyen tout dokiman ki endike nan tablo Objektif Pwogram Sibvansyon Envesti nan Gadri New York la anba ki disponib nan dat enspeksyon yo ba li yo.

Pwogram lan ap respekte tout règ ak lwa ki an vigè yo dekri nan règleman Eta New York ki disponib nan <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/regulations/> oswa egzijans NYC DOHMH pou pwogram NYC GDC ki disponib nan <https://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/children-and-adolescents-childcare.page>. Pwogram yo ap gen espas ak pèsònèl li obligatwa pou pran plas yo bay yo nan kad sibvansyon an. Pèsònèl la dwe prezan jan plan travay pèsònèl la ak rejis prezans yo montre sa.

Pwogram yo ap kontinye eseye atenn ak kenbe kantite total enskripsyon ak prezans pandan tout peryòd sibvansyon an. Pwogram lan ap angaje li avèk Ajans lokal Resous ak Referans pou Gadri yo a pou ede yo atenn objektif sa a.

Aplikan sa yo ki jwenn apwobasyon alavans pou sibvansyon Envesti nan Gadri New York yo dwe fè pwosesis pou jwenn otorizasyon pou kapasite yo pwopoze a pou yo resevwa apwobasyon final pou finansman. Aplikan yo apwouve alavans yo dwe respekte limit minimal pou enfòmasyon jan politik OCFS/NYC defini sa (**Gade Dokiman 2, Egzijans pou Soumisyon Minimòm pou Otorizasyon/Anrejistre Gadri nan OCFS**) nan espas 60 jou apati dat lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an, epi pou yo bay yon otorizasyon pou yon nouvo pwogram nan espas 120 jou apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an sof si gen genyen sikonstans dezenkilpan epi founisè a bay dokiman ki montre reta a se pa fòt founisè a pou desizyon final OCFS la. Aplikan NYC DOHMH yo pa bay apwobasyon pou pèmi anvan 120 jou dwe bay dokiman ki montre reta a se pa fòt founisè a pou NYC/OCFS pran desizyon final pou bay sibvansyon an. OCFS ap aplike menm kritè egzamen an pou tout dokiman founisè yo soumèt. Depi yo fin jwenn otorizasyon ki obligatwa a, OCFS ap kontinye avèk egzamen Responsablite Vandè a ak pwosesis sibvansyon an pou finansman Sibvansyon Envesti nan Gadri New York pou founisè li jije ki responsab yo. Si yo pa bay otorizasyon an nan espas 120 jou (apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an), OCFS rezève li dwa pou li anile apwobasyon alavans ak finansman li an.

Tanpri sonje: Si yo pa bay otorizasyon an nan espas 120 jou men yo jije aplikan an elijib pou benefisye sibvansyon an, aplikan yo pa p louvri pou fonksyone, sa ki vle di yo gendwa pa satisfè egzijans sibvansyon an pou yo resevwa tout uit (8) peman yo. Se paske peryòd sibvansyon an ap fini nan dat 6/30/2024 epi yo pa ka fè okenn peman chak twa (3) apre dat sa a fin pase.

Pou founisè a elijib pou l benefisye sibvansyon nan men OCFS, depi li resevwa otorizasyon an, li dwe rete “an règ” sa yo defini tankou yon pwogram gadri ki gen otorizasyon epi nan moman siyati atestasyon an, li pa koube anba yon mezi aplikasyon aktif OCFS oswa NYCDOHMH.

Patisipasyon nan QUALITYstarsNY:

QUALITYstarsNY se Sistèm Evalyasyon ak Amelyorasyon Kalite (Quality Rating and Improvement System, QRIS) Vil New York pou pwogram timoun piti yo, epi yo kreye li pou evalye, amelyore, ak kenbe kalite premye swen ak edikasyon nan tout pwogram ki gen otorizasyon yo. **Pwogram gadri ki fenk jwenn otorizasyon yo bay fon Pwogram Sibvansyon Envesti nan Gadri New York la dwe aplike Start with Stars, ki se yon inisyativ QUALITYstarsNY.** Depi yo chwazi pwogram yo pou yo patisipe, yo dwe enskri epi patisipe nan QUALITYstarsNY pandan dire sibvansyon an. Pwogram ki benefisye fon Envesti nan Gadri New York la men ki pa patisipe nan Start with Stars depi yo chwazi yo, gendwa mete sibvansyon yo a an danje. Pwogram Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Ale Lekòl (School Age Child Care, SACC) pa elijib kounye a pou yo patisipe nan QUALITYstarsNY, men pwogram SACC yo ap oblije aplike depi li disponib.

Start with Stars se yon pwogram akoutèm, entansif ki kore pwogram timoun piti ki fenk etabli yo ak sila yo ki gen difikilte ki gen pou wè ak respè egzijans reglemantè anvan yo kòmanse patisipe nan QUALITYstarsNY. Patisipan yo benefisye yon pakèt resous, gratis, pou ede yo etabli nouvo pwogram oswa salklas ki reponn ak nòm kalite siperyè yo. Karakteristik patisipasyon yo gen ladan, men gen toujou, sa ki vini annapre yo:

- Asistans teknik ak sipò kifkif pou rezoud pwoblèm fondamantal ak pwoblèm reglemantè yo rapid epi mete ou sou wout pou bay opòtinite pou bonjan edikasyon pou timoun piti;
- Kontak souvan avèk yon Espesyalis nan zafè Amelyorasyon Kalite ou deziyen, ki se yon ekspè nan domèn timoun piti, ki pral travay nan tèt kole avèk responsab pwogram lan pou li defini objektif kalite yo epi bay sipò regilye;
- Jwenn materyèl, pwovizyon, ak ekipman kalite siperyè pou amelyore anviwònman aprantisaj la; epi
- Devlopman pwofesyonèl pèsonalize ak opòtinite fòmasyon sou divès sijè ki gen pou wè ak timoun piti.

Nan tèt kole avèk Espesyalis nan zafè Amelyorasyon Kalite a, responsab pwogram lan ap idantifye estrateji ki adapte ak resous ki nesesè yo pou li atenn objektif li yo, sa ki ap fè li janbe nan QUALITYstarsNY, pou li kontinye devlope pwogram lan epi resevwa premye klasman Etwal li.

Founisè yo dwe aplike pou QUALITYstarsNY pou yo patisipe nan QualityStarsNY oswa Start with Stars, nan espas 30 jou apre yo fin ba yo otorizasyon yo a. Rejis Aspire se premye pa pou fè pou aplike pou QUALITYstarsNY, epi benefisye yo ap rejwenn Rejis Aspire pou Mendèv pou Timoun Piti nan kreye yon Kont Òganizasyon pou pwogram yo a. Pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou kreye yon Kont Òganizasyon, tanpri ale sou nyworksforchildren.org.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ak enstriksyon sou fason pou w aplike pou Start with Stars ak QUALITYstarsNY la a:
<https://qualitystarsny.org/providers/start-with-stars/>.

Objektif Pwogram Sibvansyon Envesti nan Gadri New York (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Objektif	Kritè	Fason yo Mezire Objektif la
Premye Otorizasyon	Pwogram lan resevwa premye otorizasyon pou li fonksyone	Yo bay otorizasyon an
Objektif 1: Pwogram lan ouvè epi l ap fonksyone.	<input type="checkbox"/> Rejis prezans pèsònèl la <input type="checkbox"/> Plan/orè travay pèsònèl la	<input type="checkbox"/> Pwogram/ chanm lan dwe genyen rasyo pèsònèl ki obligatwa pou pèsònèl ki la a <input type="checkbox"/> Pèsònèl kalifye yo anplwaye epi ki ap travay pandan lè fonksyònman yo <input type="checkbox"/> Pwogram dwe rete nan estati 'aktif' (san konte fèmte tanporè ki gen pou wè ak Karantèn oswa jou vakans ki gen rapò ak COVID) <input type="checkbox"/> Pwogram lan dwe reponn ak egzijans nan zafè espas/gwosè sal pou plas ki apwouve yo. <input type="checkbox"/> Pwogram/ nimewo sal pèsònèl la ak timoun yo prezan selon règleman yo <input type="checkbox"/> Pèsònèl kalifye yo anplwaye epi ki ap travay pandan lè fonksyònman yo nan wòl yo ba yo selon aplikasyon pwogram lan ak sibvansyon an
Objektif 2: Èske pwogram lan an règ?	<input type="checkbox"/> Yo verifye dosye Sistèm Etablisman Gadri oswa dosye Sistèm pou Suiv Aktivite Gadri pou wè si Pwogram lan an règ. Gade Section 1.7 pou wè definisyon tèm An Règ la. <u>An Règ</u> se yon pwogram gadri ki gen otorizasyon ki nan yon sitiyasyon pou li peye ki pa koube anba kèk aksyon aplikasyon OCFS oswa Depatman Sante ak Ijyèn Konpòtmantal Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH).	<input type="checkbox"/> Pèsònèl OCFS la oswa moun yo deziyen an ap egzamine estati aplikasyon pwogram lan pandan pwosesis resètifikasyon chak twa (3) mwa.

Objektif	Kritè	Fason yo Mezire Objektif la
Objektif 3: Fòk li aplike ak patisipe aktivman nan QUALITYStarsNY ak/oswa Start with Stars depi yo aksepte li patisipe (SACC pa ladan).	<input type="checkbox"/> Aplikasyon pou Start With Stars <input type="checkbox"/> Envantè estanda yo fini <input type="checkbox"/> Plan amelyorasyon kalite (Quality improvement plan, QIP) <input type="checkbox"/> Lòt dokiman sipò ki montre li patisipe aktivman nan QualityStarsNY tankou reyinyon avèk espesyalis nan zafè amelyorasyon Kalite, sètifika pou devlopman pwofesyonèl jan sa dekri nan QIP a epi jan pèsònèl Quality Stars la pwouve li.	<input type="checkbox"/> Pwogram yo travay avèk Espesyalis Amelyorasyon Kalite yo a pou yo kreye yon Plan Amelyorasyon Kalite (Quality Improvement Plan/QIP) pou pale sou domèn amelyorasyon yo te idantifye pandan pwosesis evalyasyon an epi fikse bonjan objektif pou amelyorasyon. QUALITYstarsNY ap bay OCFS yon lis pwogram ki ap patisipe chak mwa. Apati piblikasyon RFA a, pwogram SACC yo pa elijib pou yo aplike pou QUALITYStarsNY. Si/lè opsyon an vin disponib, tout pwogram SACC yo dwe aplike.
Objektif 4: Pèsònèl la te suiv fòmasyon selon règleman OCFS yo ak/oswa egzijans Atik 47 la.	<input type="checkbox"/> Yo egzamine dosye fòmasyon yo pou wè si yo konfòm an deyò sit la oswa pandan enspeksyon chak twa (3) mwa yo pou pèsònèl la ki gen pou wè ak sibvansyon an	<input type="checkbox"/> Fòk pèsònèl la respekte egzijans pou fòmasyon anvan sèvis epi san kanpe. **Pwogram yo dwe reponn ak tout egzijans pou jwenn otorizasyon ki gen ladan egzijans pou fòmasyon.
Objektif 5 (si sa aplikab pou sibvansyon an): Plas pou èdtan ki pa nòmal yo disponib jan sa reflète nan sibvansyon an	Pou tout moun <input type="checkbox"/> Orè travay pèsònèl la <input type="checkbox"/> Rejis prezans pèsònèl la <input type="checkbox"/> Dokiman egzèsif evakyasyon yo ak/oswa egzèsis mete alabri yo <input type="checkbox"/> Demann pou ekip swen adisyonèl Dokiman enskripsyon timoun pou orè ki pa nòmal yo, si timoun lan enskri	<input type="checkbox"/> Pwogram lan louvri epi li ap fonksyone avèk rasyo pèsònèl ki obligatwa a pou li bay nan orè ki pa nòmal yo kantite plas yo endike nan aplikasyon an. <input type="checkbox"/> Omwen yo ap fè youn nan enspeksyon chak twa (3) yo pandan orè ki pa nòmal yo endike nan aplikasyon an.
Objektif 6 (Si sa aplikab pou sibvansyon an): Plas pou Tibebe/Timoun Piti -Fòk yo ranpli plas pou bonis yo oswa fòk yo disponib (depi nesans rive 36 mwa oswa depi nesans rive 24 mwa pou Vil New York) jan sa reflète nan sibvansyon an.*	<input type="checkbox"/> Rejis prezans pèsònèl la <input type="checkbox"/> Plan/orè travay pèsònèl la <input type="checkbox"/> Kalifikasyon pèsònèl la <input type="checkbox"/> Dokiman enskripsyon timoun pou plas Tibebe/Timoun Piti, si timoun lan enskri oswa pou tranch dokiman ki disponib yo	Kapasite ak pèsònèl pwogram lan ki gen otorizasyon/pèmi pou konfòmite ki gen pou wè ak pòs epi plas sibvansyon an finanse *Pou founisè adomisil ki ap benefisye bonis pou tibebe/timoun piti yo, yo dwe pran angajman pou yo ranpli tout plas bonis yo sibvansyone yo avèk tibebe/timoun piti oswa kenbe plas sa yo ki disponib pou enskripsyon tibebe/timoun piti.

Tout pwogram yo dwe reponn epi kontinye reponn ak tout egzijans pou jwenn otorizasyon pandan tout peryòd la. Objektif sibvansyon yo pa ranplase egzijans pou jwenn otorizasyon yo. Lè yo pa atenn objektif sibvansyon yo, sa fè enpak sèlman sou sibvansyon an epi sa pa retire so do founisè a egzijans pou li jwenn otorizasyon yo.

Rediksyon nan finansman chak twa (3) mwa:

- Si pwogram lan pa atenn premye ak dezyèm objektif la, li pa p benefisye okenn alokasyon finansman chak twa (3) mwa pou chak trimès si li pa atenn objektif yo. Pwogram ki gen yon estati ki pa elijib yo pa p benefisye okenn finansman pou trimès yo nan estati sa a.
- Pwogram ki reponn ak egzijans pou objektif twa (3) ak/oswa objektif kat (4) la ap benefisye yon rediksyon 25% nan sibvansyon chak mwa sa a pou chak objektif yo pa atenn.
- Pwogram ki benefisye finansman amelyore pou objektif senk (5) ak/oswa objektif (6) la ki pa reponn ak kritè ki anwo yo pa p benefisye finansman amelyore a pou chak trimès yo pa reponn ak kritè yo.

Enspeksyon Chak Twa (3) Mwa pou Benefisyè yo

Tout founisè ki benefisye sibvansyon yo ap benefisye enspeksyon sou plas chak twa (3) mwa Biwo Rejyonal OCFS ap fè nan rejyon yo a oswa DOHMH, selon estati a. Vizit sit yo ap gen ladan yo yon analiz objektif pwogram lan yo mansyone anwo a. Sizoka yon enspeksyon pa ta posib, fòk pwogram lan soumèt dokiman yo idantifye nan tablo “Fason yo Mezire Objektif la” anwo a pou reklamasyon chak twa (3) mwa a. **Dokiman 6, Rapò Pèmanan sou Elijiblite** bay lis verifikasyon OCFS oswa pèsonèl DOHMH ap itilize pou li fè enspeksyon sou plas yo chak twa (3) mwa.

OCFS rezève li dwa pou li mande pwogram yo soumèt dokiman ki nesèsè nan tablo Objektif Pwogram Sibvansyon Envesti nan Gadri New York anwo a ak tout dosye pwogram yo nenpòt ki lè pandan tout peryòd sibvansyon an epi pandan sis (6) lane apre fen peryòd sibvansyon an. Pwogram yo ka sibi odit pandan oswa apre peryòd sibvansyon an.

Atestasyon pou Founisè yo (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Founisè sèvis gadri yo dwe sètifye pou di yo ap respekte egzijans reglemantè ak lòt egzijans yo pandan moman yo ap resevwa peman sibvansyon yo. Founisè yo dwe pwouve nan aplikasyon yo a tout deklarasyon yo pou yo ka konsidere yo pou jwenn sibvansyon epi pou resevwa peman chak twa (3) mwa nan kad sibvansyon an.

Antanke benefisyè sibvansyon Envesti nan Gadri a, mwen sètifye mwen ap:

- Reponn ak tout egzijans sibvansyon pandan moman mwen ap resevwa peman sibvansyon yo.
- ~~Aplike pou mwen vin yon pwogram gadri OCFS otorize, oswa gadri an gwoup Vil New York bay pèmi Pral aplike oswa deja aplike pou vin yon pwogram gadri OCFS otorize, oswa te deja plaik pou vin yon Gadri Familyal an Gwoup Vil New York la apwouve~~ (jan sa defini nan atik 47 Kòd Sante Vil New York la).
- Aksepte fanmi ki ap benefisye sibvansyon pou gadri, depi gen espas ki disponib.
- Elabore yon plan dirabilite pou apre dat dire sibvansyon an pou ankouraje siksè alontèm, nan espas sis (6) premye mwa apre sibvansyon an.
- Pran angajman pou atenn tout objektif plan travay yo epi bay nenpòt dokiman ki nesèsè ki konsène objektif yo.
- Patisipe nan reyinyon anyèl pou benefisyè Envesti nan Gadri New York yo, nan konsantre sou asistans teknik ak sipò pou pwogram yo, anplis nenpòt reyinyon pou benefisyè reyjonal pandan dire sibvansyon an. Yo ap pwograme reyinyon sa yo, avèk OCFS, Konsèy Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families, CCF) ak lòt patnè yo, alavans nan voye preyavi ki sifizan bay tout founisè yo.
- Nan espas 30 jou apre yo fin bay yon otorizasyon oswa anrejistreman, mwen ap rejwenn Rejis Aspire a epi aplike nan Start with Stars.
- Mwen ap enfòm Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) nan espas 7 jou sou nenpòt chanjman ki fèt nan enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a, tankou, men gen toujou,
 - fèmti pwogram gadri mwen an,
 - chanjman nan estati aktif pwogram mwen an ki gen ladan men gen toujou mezi aplikasyon ak estati pa aktif volontè
- Mwen konprann si pwogram gadri mwen an fèmen nèt pandan peryòd sibvansyon an, mwen dwe remèt tout fon mwen pa depanse epi mwen pa kalifye pou mwen resevwa peman sibvansyon ankò. Mwen konprann mwen kapab itilize finansman sa a jiska 30 septanm 2024 toutotan pwogram lan louvri epi ap sèvi timoun yo
- Mwen dakò pou pwogram mwen an respekte tout règleman OCFS yo ak konsèy Depatman Sante Eta New York ak règleman Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, si sa nesèsè, epi pou li kenbe bon repitasyon (jan yo defini sa nan RFA sa a) epi, pou li mete an plas politik ki konfòm ak konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan mezi li kapab (li disponib sou <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/guidance-forchildcare.html>).
- Si mwen ap benefisye finansman bonis pou Tibebe/Timoun Piti, mwen pran angajman pou mwen asire plas finans sa yo rete disponib pou tibebe/timoun piti yo pandan tout peryòd sibvansyon an avèk pèsònèl ki obligatwa yo. Pou pwogram adomisil ki benefisye bonis pou tibebe/timoun piti yo, mwen pran angajman pou mwen ranpli tout plas bonis yo sibvansyone yo avèk tibebe/timoun piti oswa kenbe plas sa yo ki disponib pou enskripsyon tibebe/timoun piti.

- Si mwen benefisye finansman bonis pou Orè ki Pa Nòmal, mwen pran angajman pou m jwere pwogram mwen an orè ki pa nòmal sa yo (yo defini tankou apre 7è PM rive jiska 6è AM, anplis jou wikenn yo ak jou ferye sa yo: Joudlan, Jou Memoryal, Jou Endepandans, Jou Fèt Travay, Jou Aksyondgras (Thanksgiving), ak Fèt Nwèl) ~~oswa fonksyone antanke yon pwogram Gadri Lannuit selon egzijans NYC DOHMH yo, epi bay dokiman epi peye pèsònèl ki otorize a pou respekte rasyo pèsònèl/timoun lan pou plas yo sibvansyone pandan èdtan sa yo.~~

Pou Gadri ki gen pou wè ak Atik 47 Vil New York yo, yo defini orè iregilye yo dapre definisyon ak kritè RFA yo. Tanpri sonje: Yo dwe pwopoze orè fonksyònman iregilye nan kad sèvis gadri yo, jan sa dekri nan RFA an, pandan yon minimòm 15 èdtan pa semèn pou tout metòd fonksyònman nan kad sèvis gadri sof pou SACC. Pwogram SACC yo dwe ofri sèvis gadri yo nan 75% konje ak vakans eskolè yo nan konfòmite ak kalandriye eskolè lekòl kote yo baze yo. Yo pa kontwole orè nan vakans ete yo nan pousantaj sa pou yo konsidere SACC yo kapab kalifye pou orè iregilye yo. (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Pwogram ki swete ofri sèvis pandan lannuit yo ap bezwen konfòme yo ak egzijans pwogram pèmi pou Gadri Timoun k ap fonksyone Lannuit yo, ki se "yon pwogram yo dekri ki ofri sèvis gadri ki aksepte timoun pou okipe apati 5è PM, ki bay sèvis gadri ant 5è PM ak 8è AM, epi ki fonksyone plis pase yon nuit pa semèn, pandan plis pase 30 pandan yon peryòd 12 mwa." (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Pou mwen satisfè tout egzijans pou odit ak siveyans sibvansyon ak pwojè sa a, antanke benefisyè sibvansyon sa a, mwen konprann ak aksepte deklarasyon sa yo:

- OCFS oswa ajan li yo kapab kontwole demann sa a ak itilizasyon fon yo pou asire enfòmasyon mwen te bay yo egzakt epi mwen itilize fon yo byen.
- Mwen konprann nenpòt lè yo ka mande mwen bay dosye pou fè verifikasyon tankou resi ak prèv peman lè yo ap fè odit nenpòt fon Envesti nan Gadri New York.
- Mwen dakò pou mwen bay enfòmasyon ak dokiman sipò yo mande.
- Pou yo fè odit la, mwen dakò pou mwen kite yo antre nan etablisman gadri mwen soumèt aplikasyon pou li a, pou mwen bay enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò ak aplikasyon an epi ak itilizasyon fon an, ak aksè pou yo fè entèvyou avèk manm pèsònèl gadri a an rapò ak aplikasyon sa a ak itilizasyon fon mwen resevwa yo.
- Mwen dwe konsève dokiman sipò yo pandan yon peryòd sis (6) lane apre dènye trimès yo te bay finansman pou li a epi mwen dwe remèt yo bay OCFS rapid lè li mande yo.
- Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa kòrèk sou demann sa a oswa si mwen itilize fon yo mal, m ap oblije remèt oswa ranbouse fon yo. Mwen dakò ranbouse fon yo jan OCFS egzije sa.
- Mwen dakò pou mwen bay OCFS oswa ajan li yo rapò sou fason mwen itilize fon mwen resevwa yo.

- Mwen dakò pou mwen pa redui nan salè oswa avantaj sosyal anplwaye pwogram gadri mwen an pandan dire sibvansyon an. Pou chak anplwaye pwogram gadri a, mwen dakò pou mwen peye omwen menm montan an nan salè chak semèn nan epi pou mwen kenbe menm avantaj yo (tankou asirans sante, retrèt, si sa nesèsè) pandan dire sibvansyon sa a.
- Nan mezi sa posib, mwen dakò pou mwen evite mete anplwaye an konje envolontè apati dat mwen soumèt aplikasyon an rive nan dire peyòd sibvansyon an.
- Mwen dakò pou mwen bay alejman nan kopeman ak frè ekolaj pou fanmi ki enskri nan pwogram gadri mwen an, epi pou mwen bay fanmi ki gen difikilte pou peye youn oswa lòt nan tip pèman yo priyorite, nan mezi sa posib.
- Mwen dakò mwen pa kapab itilize fon Envesti nan Gadri New York la pou mwen peye frè yon lòt sous ekstèn oswa sibvansyon kouvri, pa egzanp, sibvansyon Estabilizasyon Gadri, Pwogram Pwoteksyon Salè (Paycheck Protection Program, PPP), oswa pou mwen ranplase lòt fon federal oswa fon Eta yo.
- Mwen dwe depanse tout fon Envesti nan Gadri New York yo anvan 30 Septanm 2024.
- **Mwen sètifye fon pou sibvansyon yo pral itilize nan konfòmite ak direktiv Federal yo ak depans kalifye ki fèt apati dat soumisyon aplikasyon pou sibvansyon an. (Modifye nan dat 24 mas 2022)**
- **Mwen sètifye mwen konprann yo pa kapab itilize finansman sibvansyon yo pou fè gwo renovasyon oswa depans investisman, selon direktiv Federal CCDF yo. Kapab gen sèvis sipò pou renovasyon ak aktivite kontra ki disponib nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal mwen an ak lòt sous. (Modifye nan dat 24 mas 2022)**

Aplikasyon yo ap siyen epi sètifye nan pòtay aplikasyon pou sibvansyon an pou di enfòmasyon yo bay yo se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk dapre tout sa yo konnen.

Aplikasyon yo ap sètifye nan pòtal aplikasyon pou sibvansyon an pou di yo te li epi aksepte tèm ak kondisyon yo epi yo se moun ki gen otorizasyon pou yo soumèt aplikasyon sa a.

4.2 Aksesibilite Enfòmasyon ak Aplikasyon ki sou Entènèt

Tout devlopman oswa pwogramasyon enfòmasyon ak aplikasyon Entranèt ak Entènèt ki sou entènèt ou livre nan kad acha sa a dwe respekte Politik Enfòmasyon Antrepriz Eta New York NYS-P08-005, Aksesibilite Enfòmasyon ak Aplikasyon sou Entènèt, ak Nòm Enfòmasyon Antrepriz Eta New York NYS-S08-005, Aksesibilite Aplikasyon ki gen Enfòmasyon sou Entènèt, piske yo ka amande, modifye oswa ranplase politik oswa nòm sa a, sa ki mande pou enfòmasyon ak aplikasyon entranèt ak entènèt ki sou sitwèb ajans Eta a aksesib pou moun ki gen andikap yo. Kontni ki sou entènèt la dwe konfòm ak Nòm Enfòmasyon Antrepriz Eta New York NYS-S08-005 jan tès asirans kalite a detèmine sa. OCFS ap fè tès asirans kalite sa a epi rezilta tès la dwe satisfèzan pou OCFS anvan li konsidere kontni ki sou entènèt la kòm yon bagay ki kalifye yo kapab livre nan kad kontra oswa acha a.

5.0 KONTNI APLIKASYON AN AK FASON POU SOUMÈT LI

5.1 Kontni Aplikasyon ak Fason pou Evalue li

REMAK: Seksyon sa a dekri pwosesis aplikasyon an, sa ou dwe konnen pou w soumèt nan aplikasyon ou an ak fason yo ap evalue repons yo. Tanpri al gade nan **Seksyon 5.3 Pwosesis pou Soumèt Aplikasyon an**, pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w soumèt aplikasyon ou an.

Pwosesis pou Aplike pou Sibvansyon

Etap 1: Rewè Egzijans pou Jwenn Otorizasyon ak Sibvansyon: Li dokiman sa a epi suiv oryantasyon anliy lan, ou ap jwenn la a:

<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/providers/cdc-orientation.php>. Ou ap oblije kreye yon kont pou w lanse videyo sou oryantasyon an. Videyo a dire 1 èdtan.

Aprè founisè yo fin suiv oryantasyon an nan videyo, yo dwe mande yon aplikasyon, swa sou fòm elektwonik pou gadri yo swa ou voye li nan kourye lapòs pou founisè adomisil yo nan adrès sa yo.

Pou pwogram NYC DOHMH ka bay pèmi yo, founisè yo ta dwe ale sou pajwèb enfòmasyon sou otorizasyon an nan:

<https://www1.nyc.gov/nycbusiness/description/group-child-care-center-permit>

Remak Enpòtan:

- Asistans disponib nan seyans asistans teknik yo (gade etap 2) ak Ajans lokal Resous ak Referans pou Gadri. Klike [la a](#) pou w jwenn enfòmasyon pou pran kontak pou CCR&R ki nan rejyon yo a. Asistans CCR&R la vize ede founisè yo satisfè egzijans pou yo jwenn otorizasyon epi ede nan kesyon sou sit/modalite yo, pratik komèsyal yo, ak lòt pwosesis ki nesesè pou yo rive mete sou pye yon pwogram gadri.
- Soumèt demann ou an pou jwenn yon otorizasyon anvan ou soumèt yon aplikasyon pou finansman.
- **Tout aplikan ki enterese epi ki elijib, apre yo fin egzamine tèm sibvansyon sa yo, dwe gade Oryantasyon OCFS la epi mande OCFS yon aplikasyon pou otorizasyon.**
<https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/become-a-provider.php>.

Etap 2: Detèmine Kalite Biznis Pwogram Gadri a: Aplikasyon sibvansyon an ap mande founisè yo idantifye kalite antite komèsyal yo a, tankou yon biznis oswa òganizasyon ki pa la pou fè lajan. Yo ap mande founisè yo bay nimewo Idantite Fiskal, ak kalite (Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (Employer ID No, EIN) Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security No, SSN) Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (Individual Taxpayer ID No, ITIN) yo pral itilize pou soumèt deklarasyon taks bay Sèvis Revni Entèn ak non komèsyal legal la. Piske lansman yon òganizasyon kapab pran tan, nou ankouraje aplikan yo soumèt dokiman sa yo pi vit yo kapab. Si ou genyen kesyon sou enfòmasyon yo, ou ta dwe mande kontab ou a, avoka w la

oswa chèche enfòmasyon nan CCR&R lokal ou a ak/oswa Sant Devlopman Ti Biznis la.

Etap 3: Sesyon Asistans Teknik: Patisipe nan seyans asistans teknik sou sibvansyon yo anonse yo pral òganize anvan yo soumèt aplikasyon an. Menm si prezans lan pa obligatwa, seyans yo pral bay enfòmasyon ki enpòtan pou ede founisè yo reyisi. Al gade nan **Seksyon 1.3 Seyans Asistans Teknik pou Aplikan yo** pou w jwenn tout lis fòmasyon an, li gen ladan asistans teknik nan domèn pi bon pratik komèsyal yo, detèmine bezwen kominote a genyen nan zafè gadri, ak pwosesis aplikasyon ak fòmasyon sou fason pou soumèt li.

Etap 4: Fason pou Soumèt Aplikasyon pou Sibvansyon: Founisè yo ap ranpli yon aplikasyon anliy pou yo bay detay sou pwogram yo pwopoze a ak fason pwogram sa a pral jere dezè nan zafè sèvis gadri yo, plas pou tibebe ak timoun piti ak/oswa orè ki pa nòmal yo (si sa nesèsè) nan zòn yo a nan Eta a. Founisè yo ka soumèt aplikasyon yo a pou jwenn otorizasyon anvan yo resevwa avi pou apwobasyon sibvansyon an.

OCFS ak Konsèy pou Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families, CCF) te kreye yon zouti katografi anliy ki endike Zòn Resansman yo nan Eta New York ki se dezè nan zafè sèvis gadri ak yon nòt potansyèl sou RFA sa a si yon pwogram ta aplike apati zòn sa a. Tout aplikan yo ta dwe byen egzamine Kat Dezè nan zafè Sèvis Gadri REDC a pou yo jwenn plis detay sou sit pwogram yo pwopoze a: https://bit.ly/cc_deserts

OCFS ap egzamine chak aplikasyon sibvan pa rapò ak yon ansanm kritè evalyasyon nan **Seksyon 5.1, Kontni Aplikasyon ak Fason pou Evalye li** ak finansman ki disponib jan sa dekri nan **Seksyon 2.3, Objektif ak Disponibilite Finansman an** pou li detèmine si yo kapab apwouve aplikasyon an alavans. Founisè yo dwe endike kapasite yo pwopoze pou nouvo pwogram yo ap aplike pou li a epi rete nan limit egzijans reglemantè yo. Aplikan yo ta dwe konnen faktè ki pa anba otorite OCFS gendwa limite kapasite final la, tankou Sètifika Okipasyon lokalite yo ak lòt règ ak règleman lokal yo. Yo ap detèmine montan sibvansyon final Envesti nan Gadri New York selon kapasite final yo otorize a.

Remak Enpòtan:

- Aplikan yo dwe soumèt yon (1) aplikasyon pou chak ID/DCID etablisman kòm repons ak RFA sa a.
- Apre soumisyon aplikasyon pou sibvansyon an, OCFS oswa moun li deziyen an ap fè yon enspeksyon preliminè sit gadri yo pou adrès pwogram yo pwopoze yo antre nan aplikasyon an pou li detèmine si kote a reponn ak egzijans pou pwogram yo pwopoze a. Pwogram gadri adomisil yo ap benefisye yon enspeksyon sit nan moman otorizasyon an. Tanpri sonje si yo detèmine pandan vizit sa a yon chanjman nan sit obligatwa oswa nan kantite timoun pou yo sèvi a, yo ap enfòme aplikan an pou li antre nan aplikasyon sibvansyon li an pou li chanje nenpòt nan enfòmasyon sou pwogram lan ak sit la pou reflekte nenpòt chanjman ki

nesesè pou pwogram li pwopoze a. Sa dwe fèt anvan delè yo endike nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo** pou yo konsidere li pou finansman. Yo pa p konsidere aplikan ki pa fè chanjman an anvan delè a pou finansman. Lè yo ap chwazi yon lòt sit, konsidere nan ki zòn resansman ak REDC adrès la ye piske yon chanjman nan kote a ka lakoz yon chanjman nan finansman ki disponib la.

- Nou ankouraje aplikan yo rete tann yon lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon pou yo soumèt aplikasyon yo pou otorizasyon. Depi yo kapab respekte limit pou enfòmasyon sou otorizasyon an jan yo defini sa nan politik OCFS la (**Gade Dokiman 2, Egzijans Soumisyon Minimòm pou Otorizasyon/Anrejistreman Gadri nan OCFS**) yo ta dwe soumèt aplikasyon yo a pou yo vanse nan pwosesis pou jwenn otorizasyon an.
- Apwobasyon alavans lan se pa yon garanti finansman, aplikan yo dwe genyen yon otorizasyon ki apwouve epi fòk yo jije yo responsab pou pwogram yo pwopoze a pou yo ba yo yon sibvansyon fòmèl.

Etap 5: Egzijans pou Otorizasyon ak Sibvansyon Alavans: Depi yo fin apwouve founisè yo alavans, yo dwe fè pwosesis otorizasyon an pou kapasite yo pwopoze pou resevwa finansman an. Yon otorizasyon pou yon nouvo pwogram nan espas 120 jou (apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an) yo bay founisè a sof si gen genyen sikonstans dezenkilpan epi founisè a bay dokiman ki montre reta a se pa fòt founisè a pou desizyon final OCFS la. OCFS ap aplike menm kritè egzamen an pou tout dokiman founisè yo soumèt. Depi yo fin bay otorizasyon ki obligatwa a, OCFS ap kontinye avèk pwosesis egzamen Responsablite Vandè a pou finansman Sibvansyon Dezè nan zafè Sèvis Gadri. Si yo pa bay otorizasyon an nan espas 120 jou (apati dat ki sou lèt apwobasyon alavans pou sibvansyon an, OCFS rezève li dwa pou li anile apwobasyon alavans ak finansman li an.

Tanpri sonje: Si yo pa bay otorizasyon an nan espas 120 jou men yo jije aplikan an elijib pou benefisye sibvansyon an, aplikan yo pa p louvri pou fonksyone, sa ki vle di yo gendwa pa satisfè egzijans sibvansyon an pou yo resevwa tout uit (8) peman yo. Se paske peryòd sibvansyon an ap fini nan dat 6/30/2024 epi yo pa ka fè okenn peman chak twa (3) apre dat sa a fin pase.

Aplikan ki gen yon otorizasyon ki apwouve epi ki reponn ak tout egzijans anvan sibvansyon yo ap resevwa yon lèt fòmèl ki enfòme yo sou sibvansyon yo a selon kapasite ki otorize yo apwouve a. Si yon aplikan ki gen apwobasyon alavans pa kapab jwenn otorizasyon, OCFS ap anile apwobasyon alavans yo a epi yo pa p bay pwogram lan okenn sibvansyon.

Pou yo apwouve yo pou sibvansyon fòmèl ak peman, tout pwogram yo dwe an règ avèk OCFS oswa NYC DOHMH, fòk OCFS jije yo se yon vandè ki responsab epi yo dwe dakò pou yo respekte tout règleman OCFS, Depatman Sante Eta New York, ak NYC DOHMH mete deyò, si sa nesèsè, konsènan pandemi COVID-19 la ak lòt egzijans pou bay rapò sou sibvansyon yo. Peman sibvansyon yo fè dirèkteman bay

founisè sèvis gadri a ap baze sou kalite pwogram lan, kapasite maksimòm yo otorize a, epi yo ajiste pou jewografi.

5.2 Kontni Aplikasyon an (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Aplikasyon an ap gen ladan repons pou kesyon sa yo ki nan Aplikasyon an. Ou ap jwenn yo nan aplikasyon anliy ki disponib sou sitwèb OCFS la nan dat pou Dat pou Kòmanse Soumèt Aplikasyon yo.

Aplikasyon yo dwe reponn tout kesyon yo pou yo konsidere aplikasyon an konplè.

Kesyon sou Elijiblite:

Tanpri pran san ou pou li ak reponn **Kesyon sou Elijiblite** yo. Gade **Seksyon RFA 3.1 Kalifikasyon Minimòm pou Aplike** pou enfòmasyon anplis ki konsène egzijans yo. Ou dwe reponn kesyon sa yo nan pòtay opòtinite sibvansyon ki disponib sou sitwèb OCFS la nan Dat pou Kòmanse Soumèt Aplikasyon yo. **Pa p gen yon aplikasyon alekri, pa soumèt aplikasyon an papye. Yo ap asekte aplikasyon yo sèlman nan pòtal aplikasyon ki disponib sou sitwèb OCFS la.**

Non.	Kesyon	Wi/Non
1. Kalifikasyon Minimòm pou Aplike – Kesyon sou Elijiblite		
1a.	Èske ou ap louvri yon nouvo pwogram epi èske ou te fè omwen 30 pwen nan kategori A1-A4 nan Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1b.	Mwen te aplike pou mwen se yon pwogram gadri ki gen otorizasyon men mwen poko resevwa yon otorizasyon oswa mwen sètifye mwen ap aplike apre m fin resevwa avi pou apwobasyon alavans lan	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1c.	Èske ou te deja soumèt demann ou pou yon aplikasyon pou otorizasyon anvan ou soumèt aplikasyon sa a? Ou dwe soumèt demann ou an pou yon aplikasyon pou otorizasyon anvan ou soumèt aplikasyon sa a.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1d.	Mwen sètifye mwen ap satisfè kèk egzijans pandan moman yo ap resevwa peman sibvansyon yo. Founisè yo dwe sètifye nan aplikasyon yo a tout deklarasyon pou yo konsidere pou sibvansyon tankou tout atestasyon ki nan Seksyon 4.1 an.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1e.	Mwen sètifye mwen vle aksepte fanmi ki benefisye sibvansyon pou gadri yo, menm si founisè yo pa p oblije kenbe fanmi ki ap benefisye sibvansyon pandan tout dire sibvansyon an si fanmi yo te chwazi yon lòt founisè. Mwen konfime volonte mwen pou aksepte fanmi ki ap benefisye sibvansyon pou gadri, depi gen espas ki disponib. Founisè yo pa p oblije kenbe fanmi ki ap benefisye sibvansyon pandan tout dire sibvansyon an si fanmi yo te chwazi yon lòt founisè.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1f.	Mwen sètifye pou di òganizasyon an ap patisipe nan reyinyon anyèl pou benefisyè Envesti nan Gadri New York yo, nan konsantre sou asistans teknik ak sipò pou pwogram yo, anplis nenpòt reyinyon pou benefisyè rejyonal pandan dire sibvansyon an. Yo ap pwograme reyinyon sa yo, avèk OCFS, Konsèy Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families, CCF) ak lòt patnè yo, alavans nan voye preyavi ki sifizan bay tout founisè yo.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1g.	Mwen sètifye pou di òganizasyon an ap fè fòmasyon sou devlopman komèsyal nan espas premye ane apre sibvansyon an. OCFS ak CCR&R yo a ap ede bay resous pou fòmasyon ki disponib yo. Fòmasyon sou devlopman komèsyal yo ka mande yon frè, ki se yon depans ki otorize pou sibvansyon sa a.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1h.	Mwen sètifye pou di òganizasyon an ap travay pou li kowòdone pwogram gadri a avèk nenpòt distri lekòl	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *

	piblik enpòtan ki ap mete yon pwogram Pre-K an plas, si sa nesesè.	
1i.	Mwen sètifye pou di òganizasyon an ap kolabore avèk pwogram lokal vizit adomisil pou manman, tibebe, ak jèn timoun ak/oswa chita pale sou fason pwogram vizit adomisil la ta kapab bay pwogram gadri a devlopman pwofesyonèl/ankadremman.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1j.	Mwen sètifye pou di òganizasyon an ap travay pou li sèvi kèk popilasyon ki nan gwo bezwen, tankou timoun ki sanzabri ak/oswa timoun ki nan fanmi dakèy, si sa nesesè.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
1k.	Mwem sètifye pou di òganizasyon mwen an aksepte objektif plan travay la ak egzijans pwogram nan Seksyon 4.1, Rezilta yo Swete ak Egzijans Pwogram lan.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
Egzijans pou soumèt Aplikasyon yo		
1.	Lè aplikan an soumèt yon pwopozisyon, li dakò pou li pa fè okenn reklamasyon pou domaj-enterè oswa pou li pa gen dwa ak okenn domaj-enterè poutèt yon move deklarasyon oswa move konpreyansyon espesifikasyon yo oswa poutèt yon mank enfòmasyon.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
3.	Aplikan an sètifye tout enfòmasyon li bay ki gen rapò ak aplikasyon li an se enfòmasyon ki vrè epi kòrèk.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
4.	Moun ki fè pwopozisyon an konprann yo gendwa refize pwopozisyon ki pa bay tout dokiman yo mande nan RFA Seksyon 5.0 KONTNI APLIKASYON AN AK FASON POU SOUMÈT LI ak/oswa yo pa soumèt jan enstriksyon yo bay yo mande sa nan RFA Seksyon 5.3 Pwosesis pou Soumèt Aplikasyon an.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non *
* Si ou bay yon repons “Non” pou nenpòt Kesyon sou Elijiblite oswa egzijans soumisyon anplikan nan seksyon sa a oswa si ou pa soumèt dokiman yo mande avèk aplikasyon ou an, sa ka fè yo diskalifye aplikasyon ou an.		

Kesyon sou Enfòmasyon Jeneral nan Aplikasyon an: Anba a genyen lòt enfòmasyon ki nesesè pou aplikasyon sibvansyon Envesti nan Gadri New York la ki ap nan pòtay anliy lan.

Non.	Kesyon	Repons
2. Enfòmasyon sou Premye Kontak		
Premye kontak la ta dwe se direktè egzekitif aplikan an oswa lòt moun ki gen otorizasyon pou li resevwa avi ofisyèl nan men OCFS konsènan acha sa a.		
2a.	Bay PREFIKS (Mesye/Madam/Doktè/elatriye) premye kontak la.	Zòn Tèks
2b.	Bay PRENON premye kontak la.	Zòn Tèks
2c.	Bay SIYATI premye kontak la.	Zòn Tèks
2d.	Bay TIT PÒS premye kontak la.	Zòn Tèks
2e.	Bay ADRÈS premye kontak la.	Zòn Tèks
2f.	Bay VIL premye kontak la.	Zòn Tèks
2g.	Bay ETA premye kontak la.	Zòn Tèks
2h.	Bay KÒD POSTAL premye kontak la.	Zòn Tèks
2i.	Bay NIMEWO TELEFÒN premye kontak la.	Zòn Tèks
2j.	Bay ADRÈS IMÈL premye kontak la.	Zòn Tèks
3. Moun ki gen Otorizasyon pou siyen yon kontra pou òganizasyon an		
Dezyèm kontak la se yon lòt moun ki gen otorizasyon pou li resevwa avi ofisyèl nan men OCFS konsènan acha sa a.		
3a.	Bay PREFIKS (Mesye/Madam/Doktè/elatriye) dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3b.	Bay PRENON dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3c.	Bay SIYATI dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3d.	Bay TIT PÒS dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3e.	Bay ADRÈS dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3f.	Bay VIL dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3g.	Bay ETA dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3h.	Bay KÒD POSTAL dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3i.	Bay NIMEWO TELEFÒN dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
3j.	Bay ADRÈS IMÈL dezyèm kontak la.	Zòn Tèks
4. Kesyon Administratif yo		
4a.	Èske ou ranpli Kesyonè sou Responsablite Vandè a? (Gade RFA Seksyon 3.2 Egzijans nan zafè Responsablite Vandè (Tout Aplikan)). Mwen te telechaje nenpòt dokiman sipò kesyonè a mande.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
4b.	Èske ou konprann OCFS rekòmande pou w soumèt aplikasyon w lan byen anvan Delè pou Soumèt Aplikasyon yo ? LI PA REKÒMANDE pou w rete tann dènye jou a pou w soumèt aplikasyon w lan. (Gade RFA Sekson 1.2 Kalandriye	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

	Evènman yo ak Seksyon 5.3 Pwosesis pou Soumèt Aplikasyon an.)	
--	--	--

4c.	Èske ou konprann yon repons “Non” ou bay pou nenpòt Kesyon sou Elijiblite KA FÈ YO DISKALIFYE APLIKASYON OU AN? Tanpri pran san w pou reli repons ou bay pou kesyon yo sa yo. Gade Seksyon RFA 3.1 Kalifikasyon Minimòm pou Aplike ak Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an.)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
4d.	Èske ou konprann ou DWE TELECHAJE DOKIMAN KI PWOTEJE OSWA SEKIRIZE AK MODPAS? ASIRE OU RETIRE TOUT MODPAS YO ANVAN W TELECHAJE YO POU METE NAN APLIKASYON AN. Si yo pa kapab wè yon dokiman ou telechaje, epi se pou yon kalifikasyon minimòm, NOU AP DISKALIFYE APLIKASYON AN. YO KAPAB DISKALIFYE APLIKASYON W LAN.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
4e.	Èske ou te VERIFYE ANKÒ pou w asire ou telechaje tout dokiman yo mete nan aplikasyon ou an? APLIKAN YO RESPONSAB POU YO VERIFYE TOUT DOKIMAN YO TELECHAJE YO SE DOKIMAN KI KONPLÈ, KÒRÈK, MOUN KAPAB WÈ, EPI KI SATISFÈ EGZIJANS RFA A. OCFS rekòmande pou w fè verifikasyon sa a anvan soumèt aplikasyon w lan. Verifikasyon w lan gendwa gen ladan, men gen toujou: siyati, dat, zòn ki obligatwa, konfimasyon tout paj yo ladan, tèks la lizib, bagay yo fabrike nan eskanè, enfòmasyon ki nesèsè, elatriye. Si yon dokiman pa reponn ak egzijans RFA a, epi se pou yon kalifikasyon minimòm, NOU AP DISKALIFYE APLIKASYON AN. YO KAPAB DISKALIFYE APLIKASYON W LAN. Nou pa p kapab bay òganizasyon yo apwobasyon alavans si ou pa te bay prèv ki di ou soumèt Kesyonè sou Responsablite Vandè ki Pa La pou Fè Lajan oswa ki La pou Fè Lajan oswa kesyon sou Responsablite Vandè limite pou sibvansyon ki mwens pase \$100,000. Nou pa p kapab bay òganizasyon yo apwobasyon alavans si ou pa te bay prèv ki di ou soumèt Kesyonè sou Responsablite Vandè an. Fòk ou telechaje tout dokiman sipò ki obligatwa yo tou.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

Kesyon sou Aplikasyon pou Pwogram lan (**Founisè SACC ki fè jiska 105 pwen, Jiska 110 pwen pou tout lòt Modalite yo**)

Tanpri al gade nan **Seksyon 5.1 Kontni Aplikasyon ak Fason pou Evalye li** pou w jwenn plis enfòmasyon ak direktiv ki konsène kesyon sa yo.

Fason pou Evalye Aplikasyon pou Sibvansyon yo: (Modifye nan dat 24 mas 2022)

Yo ap evalye sibvansyon yo apa selon kalite (modalite) pwogram lan sou baz matris evalyasyon anba a ki endike si pwogram yo pwopoze a:

1. Nan nivo ki wo, mwayen oswa ba nan zòn resansman dezè nan zafè sèvis gadri
2. Nan yon REDC ki gen yon to dezè ki wo, mwayen oswa ba

3. Nan yon zòn ki gen yon pwen ki wo nan Endis Divèsite²
4. Sèvi yon katye ki gen anpil povrete, selon pousantaj fanmi gen revni yo ki egal ak 200% oswa ki mwens pase 200% Nivo Povrete Federal la.

Pwen bonis ap disponib pou pwogram ki pwopoze:

5. Plas pou sèvi popilasyon Tibebe/Timoun Piti (SACC pa aplikab)
6. Plas ki ofri orè ki pa nòmal yo

Non.	Kesyon	Maksimòm Pwen SACC	Lòt Modalite pou Maksimòm Pwen
A. Kote Pwogram lan ye			
A1.	Nan ki nivo zòn resansman dezè pwogram yo pwopoze a ye? <ul style="list-style-type: none"> • Wo (Dezè ki pa gen cc epi ki gen plis 49 timoun) – 40 pwen • Mwayèn (Dezè ki gen plas 10,0 pou chak plas) – 35 pwen • Ba (Dezè ki gen 3.01-9.99 timoun pou chak plas, oswa dezè ki pa gen cc epi ki gen mwens pase 50 timoun) – 30 pwen • Ki pa gen dezè – 0 pwen 	40	40
A2.	Èske pwogram yo pwopoze a nan yon REDC ki gen to ki wo nan Zòn Resansman Dezè yo (Census Tracts, CT)? <ul style="list-style-type: none"> • Wo (siperyè oswa egal ak 68.0%) – 20 pwen • Mwayen (64.0-67.9%) – 15 pwen • Ba (enferyè oswa egal ak 63.9%) dezè nan Zòn Resansman – 10 pwen 	20	20
A3.	Zòn Divèsite Wo, selon Endis Divèsite a <ul style="list-style-type: none"> • Wo (Endis Divèsite 50.0-100) – 20 pwen • Mwayèn (Endis Divèsite 25.0-49.9) – 14 pwen • Low (Endis Divèsite mwens pase 25.0) – 6 pwen 	20	20
A4.	Zòn ki gen To ki Wo pou Timoun ki ap viv anba 200% nan Nivo Povrete Federal la	20	20

	<ul style="list-style-type: none"> • Wo (25.0-100% Fanmi ki Anba 200% nan Nivo Povrete) – 20 pwen • Mwayèn (10.0-24.99% Fanmi ki Anba 200% nan Nivo Povrete) – 14 pwen • Ba (0-9.99% Fanmi ki Anba 200% nan Nivo Povrete) – 6 pwen 		
D. Pwen Bonis (jisaka 10 pwen)			
D1.	Plas pou sèvi Tibebe/Timoun Piti <ul style="list-style-type: none"> • Wi – 5 pwen (SACC pa aplikab) • Non – 0 pwen 	pa aplikab	5
D2.	Plas ki ofri orè ki pa nòmalyo <ul style="list-style-type: none"> • Wi – 5 pwen • Non – 0 pwen 	5	5
	PWEN MAKSIMÒM POSIB	105	110

Si aplikan yo fè menm kantite pwen, yo ap rezoud sa nan lòd dat/lè yo te soumèt aplikasyon pou sibvansyon an.

Pou verifye pwen nan yon zòn kèlkonk ki nan Eta a, gade kat ki gen Dezè nan zafè Sèvis Gadri REDC a, OCFS ak CCF kreye: https://bit.ly/cc_deserts

REDC	Pousantaj zòn resansman nan REDC ki se “dezè”	Kantite timoun an mwayèn ki poko gen 5 lane selon plas cc*	Kantite Timoun ki Poko Gen 5 lane nan REDC	Pati nan Popilasyon New York ki Poko Gen 5 lane nan REDC
Rejyon Kapital	68.1%	7.7	54,878	4.8%
Central NY (Rejyon Santral Eta New York)	70.2%	9,8	42,458	3.7%
Finger Lakes	66.2%	9.0	64,872	5.6%
Long Island	62.6%	7,1	154,027	13.3%
Mid-Hudson	59.5%	7.4	135,400	11.7%
Mohawk Valley	70.5%	8.5	25,853	2.2%
Vil New York	57.3%	5.6	544,971	47.2%
North Country	72.1%	8.6	24,303	2.1%
Southern Tier (Nivo Sid)	73.1%	10.4	32,180	2.8%
Western NY (Lwès Eta New York)	65.3%	7.9	75,259	6.5%
Total	61.8%	7.0	1,154,201	100%

Sous done yo: done sou kapasite sèvis gadri pou founisè sèvis gadri ki gen otorizasyon yo (san konte Pwogram pou Timoun ki gen Laj pou Ale Lekòl yo) ki soti nan Sistèm Etablisman Gadri yo, ~~19 janvyè 2020~~ Oktòb 2021; done sou

kapasite sèvis gadri pou gadri ki gen pèmi nan Vil New York, yo pran nan Open Data NYC, ~~19 janvye 2024~~ Oktòb 2021; kantite timoun ki poko gen mwens pase 5 lane selon zòn resansman, U.S. Census Bureau (Biwo Resansman Etazini), American Community Survey 2019, estimasyon 5 lane, Tablo B01001.

*Rasyo mwayen timoun selon plas yo sèlman gen ladan zòn resansman ki gen yon rasyo yo kalkile. Yo kòde zòn resansman ki pa gen gadri yo kòm dezè men yo pa gen yon rasyo ki valid.

Fòm ki Obligatwa Nan Aplikasyon an

Enfòmasyon ki soti nan fòm anba yo ap obligatwa pou w bay nan aplikasyon an. **Tanpri li fòm yo yon fason pou w kapab rasanble enfòmasyon ou bezwen pou w ranpli aplikasyon w lan nan pòtay sibvansyon anliy lan.**

A. Dokiman A-2, Asirans ak Sètifikasyon Federal yo

- B. **AC 3237-S**, Fòm Ranplasman W-9 – Benefisyè sibvansyon yo dwe anrejistre tou nan Fichye Santral Rejis pou Vandè nan Sistèm Finansyè nan Tout Eta New York (Statewide Financial System, SFS). ~~Yo ap mande aplikan yo pou yo bay Non Komèsyal Legal ak Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (Taxpayer Identification Number, TIN) pwogram lan yo itilize pou fè deklarasyon taks bòkote Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) yon fason pou yo peye yo antanke Vandè nan Eta New York. Ou ap ranpli enfòmasyon yo sou fòm sa a nan kad aplikasyon ou an. Yo ap mande aplikan ki pa t deja gen nimewo idantifikasyon founisè SFS yo pou yo bay Non Komèsyal Legal ak Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (Taxpayer Identification Number, TIN) pwogram lan yo itilize pou fè deklarasyon taks bòkote Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) yon fason pou yo peye yo antanke Founisè nan Eta New York. Lyen sa a ki mennen nan fòm lan se pou jis montre ou enfòmasyon ou bezwen pou w ranpli aplikasyon w lan. [Fòm Ranplasman W-9 Eta New York](#)~~

Si ou gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon fòm sa a mande, kontakte kontab ou ak/oswa avoka ou anvan ou ranpli aplikasyon an.

~~Pou Sibvansyon ki \$100,000 oswa plis yo vandè ki pa la pou fè lajan yo dwe itilize fòm Kesyonè sou Responsablite Vandè Antite Komèsyal ki Pa La pou Fè Lajan. Vandè ki la pou fè lajan ki gen sibvansyon \$100,000 yo dwe itilize fòm Kesyonè sou Responsablite Vandè Antite Komèsyal ki La pou Fè Lajan. Pou sibvansyon ki mwens \$100,000 yo, Pou tout sibvansyon yo ap mande pou founisè yo reponn yon pati limite nan kesyon yo.~~

5.3 Pwosesis pou Soumèt Aplikasyon an (Modifye nan dat 24 mas 2022 ak 18 avril 2022)

Fason pou Soumèt yon Pwopozisyon

Aplikasyon anliy lan ap disponib sou sitwèb OCFS la nan Dat pou Kòmanse Soumèt Aplikasyon yo. Enstriksyon pou aplike etap pa etap ap disponib anvan peryòd pou soumèt aplikasyon an.

Pou ka jwenn pwopozisyon anliy lan ak lòt dokiman ki obligatwa tankou dokiman ki atache yo, ou dwe dabò gade:

1. Videyo Oryantasyon OCFS la epi soumèt demann ou fè pou jwenn yon otorizasyon bay òganis reglemantasyon ou an. Depi ou fin mande yon aplikasyon, ou ap resevwa yon nimewo Idantifikasyon Etablisman. Ou ap bezwen nimewo idantifikasyon/anrejistreman etablisman pou w ranpli aplikasyon an. Pou pwogram ki ap aplike pou yo vin yon gadri NYC DOHMH selon Atik 47 la, ou dwe suiv yon seyans oryantasyon anvan yo bay pèmi (koche kaz ki toupre “Seyans Oryantasyon pou Gadri an Gwoup ak Kandete”, epi klike sou “Continue (Kontinye)” anba paj la) anvan nou aplike pou jwenn yon nouvo pèmi. Apre ou fin patisipe nan oryantasyon sa a, ou kapab aplike pou yon pèmi pou yon nouvo pwogram gadri. **Ou dwe soumèt aplikasyon ou pou yon pèmi anvan ou soumèt yon aplikasyon pou opòtinite sibvansyon sa a.**
2. Li tout kesyon anwo yo epi rasanble tout enfòmasyon ki obligatwa yo anvan ou kòmanse ranpli aplikasyon w lan. Epitou, ou ap bezwen genyen enfòmasyon ki obligatwa pou fòm yo endike nan **Seksyon 5.2**, Fòm ki Obligatwa Nan Aplikasyon an yo ap mete nan kesyon aplikasyon yo.
3. Aplikasyon an ap mande ou pou w bay nimewo Idantite Fiskal, ak kalite (Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (Employer ID No, EIN) Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security No, SSN) Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (Individual Taxpayer ID No, ITIN) yo pral itilize pou soumèt deklarasyon taks bay Sèvis Revni Entèn ak non komèsyal legal la. Ou pral bezwen detèmine kalite antite komèsyal ou a tou. Si ou genyen kesyon sou enfòmasyon yo, ou ta dwe mande kontab ou a, avoka w la oswa chèche enfòmasyon nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonan ou an (Regional Economic Development Council, REDC). Enfòmasyon sa yo disponib sou (<https://regionalcouncils.ny.gov/>), klike sou Regions (Rejyon) pouchwazi rejyon ou ye a. Tanpri sonje:
 - Nou p ap aksepte pwopozisyon ki an reta yo.
 - **Ou dwe soumèt pwopozisyon yo nan aplikasyon anliy lan. Ou pa ka soumèt yo nan imèl, livrezon nan lapòs, livrezon alamen, faks ni sou fòma papye.**

N ap aksepte aplikasyon nan men nouvo founisè ki te fini ak oryantasyon yo, ki te resevwa idantifikasyon etablisman yo, ak sa yo ki pare pou yo aplike yo. Verifye si se bon adrès ou ki nan dosye nou ak regilatè OCFS yo baou an oswa

NYCDOHMN anvan ou aplike. Gen enstriksyon etap pa etap sou kijan pou w navige aplikasyon anliy nan disponib nan seksyon [Resous Fòmasyon Pòtay Sibvansyon](#) nan [paj Sibvansyon pou Kote ki pa gen Sèvis Gadri pou Timoun \(Child Care Deserts grant\)](#) . **Soumèt aplikasyon yo nan pòtay aplikasyon aniy aplikasyon an: <https://childcare-grants.ocfs.ny.gov/>**. Nou dwe resevwa tout aplikasyon yo nan OCFS sou [pòtay aplikasyon anliy](#) anvan **Delè pou Soumèt Aplikasyon an** jan li presize nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**

Lyen ki Itil

Anba a genyen kèk lyen ki itil pou kesyon ki gen karaktè teknik. Ou ta dwe voye kesyon sou enfòmasyon ki nan RFA sa a bay kontak OCFS ki nan **Seksyon 1.1 Entegrite Acha yo/Limit sou Kominikasyon** nan paj en (1) RFA sa a.

6.0 KRITÈ MINIMÒM/PWOSESIS EVALYASYON

6.1 Kritè Minimòm (Kritè Revizyon pou Pase/Pa Pase)

Aplikasyon yo dwe satisfè kritè Kalifikasyon Minimòm pou yo soumèt yon aplikasyon selon **Seksyon 3.1 Kalifikasyon Minimòm pou Aplike** ak **Seksyon 3.2 Egzijans nan zafè Responsablite Vandè (Tout Aplikasyon)**. Yo pa konsidere ancherisè ki pa reponn ak egzijans sa yo pou sibvansyon.

6.2 Pwosesis Evalyasyon

Yo ap evalye repons aplikasyon yo otomatikman nan aplikasyon elektwonik lan jan yo eksplike sa nan **Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an** epi jan yo dekri sa nan seksyon sa a nan dokiman sa a. Yo ap fè rekòmandasyon sibvansyon nan lòd pwen pou tout modalite founisè ki elijib (kalite pwogram yo) yo endike nan **Seksyon 2.3, Objektif ak Disponibilite Finansman an**, nan finansman ki disponib pou chak kalite pwogram ak REDC.

Aprè delè pou soumèt aplikasyon an nan **Seksyon 1.2 Kalandriye Evènman yo**, yo ap klase aplikasyon yo nan lòd pwen mwayèn final (soti nan pi wo rive nan pi ba) nan chak REDC epi yo ap bay apwobasyon alavans yo. Yo ap bay pwogram ki gen otorizasyon yo sibvansyon yo nan lòd pwen yo fè a (soti nan pi wo rive nan pi ba) jiskaske finansman an fini nèt.

Sizoka ta gen de oswa plis aplikasyonki fè menm kantite pwen, yo ap rezoud sa nan lòd dat/lè yo te soumèt aplikasyon pou sibvansyon an.

OCFS rezève li dwa pou li fè ajisteman nan montan finansman yo mande a selon bezwen pwogram lan, disponibilite finansman, distribisyon jewografik sibvansyon yo, ak valè total an dola tout aplikasyon yo. Anplis, OCFS rezève li dwa pou li pou li redistribiye fon yon ant montan total ki disponib pou tout modalite pwogram yo ak montan total finansman rejyonal yo ak valè total bonis sibvansyon yo si gen finansman ki rete pou ogmante distribisyon fon ki disponib yo. Anplis, yo ka redistribiye finansman yo pa itilize nan RFA sa a nan Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA) Annijans Envesti nan Gadri New York pou Pwogram ki Egziste yo pou itilize finansman ARPA a nèt.

Remak Enpòtan:

Sibvansyon anvan apwobasyon pa garanti otorizasyon an. Montan sibvansyon final yo depannde jwenn yon otorizasyon, rive satisfè tout egzijans pou sibvansyon yo ak OCFS ki detèmine aplikasyon an se yon vandè ki responsab.

7.0 EGZIYAN POU SIBVANSYON OBLIGATWA

7.1 Preparasyon pou Sibvansyon

OCFS ap anile lèt oswa sibvansyon anvan apwobasyon pou benefisyè yo chwazi ki pa kapab rive fè pwosesis pou jwenn otorizasyon an, satisfè egzijans nan zafè responsablite vandè oswa ki pa satisfè egzijans pou sibvansyon ki nan RFA sa a.

7.2 Fòm Prèv Pwoteksyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay ak Avantaj pou Andikap – Ou ap oblije telechaje li mete sou Aplikasyon an apre Apwobasyon Lisans lan **pou Sibvansyon ki egal \$100,000 oswa pi plis yo (Modifye nan dat 24 mas 2022)**

Seksyon 57 ak seksyon 220 nan Lwa sou Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay (Workers' Compensation Law, WCL) ak seksyon 142 nan Lwa Finans Eta a mande pou biznis ki fè kontra avèk Eta New York genyen, kenbe ak bay prèv pwoteksyon asirans dedomajman pou aksidan nan travay ak avantaj pou andikap. Si yo fè yon sibvansyon nan RFP sa a, yo dwe bay prèv pwoteksyon ki ajou apre apwobasyon otorizasyon an epi anvan yo bay sibvansyon an. Si yo pa soumèt prèv la, sa ap retade sibvansyon an, epi sa ka fè yo anile sibvansyon an. Minisipalite pa oblije montre prèv pwoteksyon.

Tanpri sonje: Fòm ACCORD la se pa prèv pwoteksyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay oswa Andikap.

A. Prèv Pwoteksyon Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay

Pou respekte dispozisyon WCL nan zafè pwoteksyon, Konsèy pou Dedomajman pou Aksidan Travay mande yon biznis ki ap chèche siyen yon kontra avèk Eta a, oswa renouvle kontra, soumèt prèv pwoteksyon ki apwopriye bay antite Eta ki bay kontra a. Pou pwouve benefisyè a genyen pwoteksyon asirans dedomajman pou aksidan nan travay ki apwopriye, soumèt YOUN nan kat (4) fòm sa yo:
<http://www.wcb.ny.gov/content/main/forms/AllForms.jsp>

- **Form C-105.2** – Sètifika Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay konpayi asirans prive yo bay, oswa **Fòm U-26.3** Fon Asirans Eta a bay; oswa
- **Form SI-12** – Sètifika Oto-Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay; oswa **Fòm GSI-105.2** Sètifika Patisipasyon nan Oto-Asirans An Gwoup Dedomajman pou Aksidan nan Travay; oswa
- **CE-200** – Sètifika Atestasyon Egzanpsyon ki soti nan Pwoteksyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay ak/oswa Avantaj pou Andikap nan Eta New York.

B. Prèw pou Pwoteksyon Avantaj pou Andikap

Pou respekte dispozisyon WCL konsènan avantaj pou andikap, Konsèy pou Dedomajman pou Aksidan Travay mande yon biznis ki ap chèche siyen yon kontra avèk Eta a, oswa renouvle kontra, soumèt prèw pwoteksyon ki apwopriye bay antite Eta ki bay kontra a. Pou pwouve benefisyè a genyen pwoteksyon asirans avantaj pou andikap ki apwopriye, soumèt YOUN nan twa (3) fòm sa yo:

<http://www.wcb.ny.gov/content/main/forms/AllForms.jsp>

- **Fòm DB-120.1** – *Sètifika Asirans Avantaj pou Andikap*; oswa
- **Fòm DB-155** – *Sètifika Oto-Asirans Avantaj pou Andikap*; oswa
- **CE-200** – *Sètifika Atestasyon Egzanpsyon* ki soti nan Pwoteksyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay ak/oswa Avantaj pou Andikap nan Eta New York.

7.3 Verifikasyon Kazye Jidisyè Benefisyè, Kontraktè, Anplwaye ak Benevòl yo

OCFS responsab pou li kenbe jèn pwogram OCFS yo ap sèvi yo an sekirite. NYC DOHMH responsab pou li kenbe jèn pwogram NYC DOHMH yo ap sèvi yo an sekirite.

- 7.3.1 **Verifikasyon Kazye Jidisyè** – Yo dwe verifye kazye jidisyè nenpòt benefisyè, anplwaye, benevòl, oswa, pou gadri familyal ak gadri familyal an gwoup yo, nenpòt moun ki nan kay benefisyè a anvan li resevwa yon otorizasyon. Verifikasyon an dwe gen ladan yon egzamen pase moun yo gras ak bagay sa yo: Lis Esklizyon Pèsonèl (Staff Exclusion List, SEL) Sant Jistis Eta New York pou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal, Rejis Santral Abi ak Move Tretman Timoun Nan Tout Eta New York (Statewide Central Register, SCR); yon verifikasyon kazye jidisyè atravè yon vandè ki pral soumèt enfòmasyon yo bay alafwa divizyon sèvis jistis penal la ak biwo federal ankèt, Rejis Delenkan Seksyèl Eta New York, epi, pou moun ki te rete an deyò Eta New York pandan 5 dènye ane yo, verifikasyon repètwa kazye jidisyè, rejis delenkan seksyèl, ak nenpòt repètwa abi oswa neglijan timoun nan Eta sa yo. Yo ap bay enfòmasyon anplis sou fason pou tanmen ak fè verifikasyon sa yo nan kad pwosesis pou jwenn otorizasyon an. OCFS oswa DOHMH ap evalye rezilta verifikasyon an epi enfòmè benefisyè a sou desizyon li pran pou chak moun, lè sa nesèsè.

7.5 Egzijans Federal yo

Gade Dokiman A-2, Asirans ak Sètifikasyon Federal yo, ou ap jwenn nan lyen ki nan **Seksyon 5.2 Kontni Aplikasyon an**. Founisè yo ap sètifye yo konfòm avèk dokiman sa a lè yo ap ranpli aplikasyon yo a pou yo soumèt li.

Anplis, gade **Dokiman 5 – Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) 2021** pou wè tèm ak kondisyon adisyonèl yo.

7.6 Peman Elektwonik ki Obligatwa yo ak Fòm Ranplasman W-9 – Ou ap soumèt li anndan Aplikasyon an

Biwo Gouvènè a pou Responsablite Kontribyab te pibliye yon direktiv ki di tout kontra, sibvansyon ak lòd acha ajans ak otorite Eta yo egzekite apre 28 fevriye 2010 ap mande vandè, kontraktè ak benefisyè yo aksepte peman elektwonik (e-pay).

Pou ede OSC nan pwojè sa a, aplikan yo dwe mete tout enfòmasyon yo mande nan *Fòm Ranplasman W-9* la nan aplikasyon yo a ki gen ladan nimewo idantifikasyon kontribyab, non biznis la, ak moun pou pran kontak nan biznis la. Done sa yo enpòtan anpil pou asire dosye vandè a genyen enfòmasyon ajans nan Eta yo bezwen pou siyen kontra avèk vandè yo epi peye yo.

7.7 Antrepriz ki Pou Gwoup Minorite ak Fanm (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) – Egalite Chans nan zafè Travay (Equal Employment Opportunity, EEO) – Egzijans ak Pwosedi yo

7.8.1 Lwa Egzekitif Eta New York (Atik 15-A)

Selon Atik 15-A nan Lwa Egzekitif Eta New York ak Pati 140-145 Tit 5 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo, OCFS oblije ankouraje opòtinite pou Antrepriz ki Pou Gwoup Minorite ak Fanm (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) patisipe aktivman epi itilize manm gwoup minorite ak fanm yo nan egzekisyon kontra OCFS yo.

7.8.2 Opòtinite pou Patisipasyon Biznis MWBE – Objektif OCFS Fikse

Pou demann sa a, OCFS fikse yon objektif jeneral ki se 0 pousan pou patisipasyon MWBE yo, 0 pousan pou patisipasyon Antrepriz ki pou Gwoup Minorite (Minority-Owned Business Enterprise, “MBE”) Eta New York sètifye epi 0 pousan pou patisipasyon Antrepriz ki pou Fanm (Women-Owned Business Enterprise, “WBE”) Eta New York sètifye (selon disponiblite aktyèl MBE ak WBE yo). Yon kontraktè (“Kontraktè”) ki sou nenpòt kontra ki soti nan acha sa a (“Kontra”) dwe montre li fè jefò bònfwà pou li asire MWBE yo patisipe antanke soutretan ak founisè nan egzekisyon Kontra a. Kidonk, lè moun ki

reponn lan yon repons pou RFA sa a, li dakò OCFS ka kenbe peman an nan kad nenpòt Kontra li bay akòz RFA sa a annatandan li resevwa dokiman MWBE ki obligatwa yo. Ou kapab wè repètwa MWBE yo sou: <https://ny.newnycontracts.com>. Pou jwenn konsèy sou fason OCFS ap evalye “jefò bònfwà,” yon Kontraktè, ale gade nan 5 NYCRR § 142.8.

Moun ki reponn lan konprann se sèlman sòm yo peye MWBE yo pou yo jwe yon wòl komèsyal ki itil, piske yo defini tèm sa a nan 5 NYCRR § 140.1, ki ka aplike pou yo rive atenn objektif patisipasyon MWBE ki aplikab yo. Pati nan yon kontra avèk yon MWBE ki se yon koutye yo ap konsidere pou reprezante wòl komèsyal ki itil MWBE yo jwe a se ap 25% nan valè total kontra a.

7.8 Biznis ki Pou Veteran ki Pran Andikap nan Sèvis (Service-Disabled Veteran-Owned Business, SDVOB)

Lwa sou Biznis ki Pou Veteran ki Pran Andikap nan Sèvis (Service-Disabled Veteran-Owned Business, SDVOB), Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pou fè vin lwa nan dat 12 me 2014, pèmèt pwopriyetè biznis veteran ki elijib yo vin sètifye antanke yon Biznis ki Pou Veteran ki Pran Andikap nan Sèvis pou yo ka ogmante patisipasyon biznis sa yo nan opòtinite kontra Eta New York yo. Lwa SDVOB a, yo kodifye anba Atik 17-B nan Lwa Egzekitif la, rekonèt SDVOB yo patisipe anpil nan ekonomi Eta a ak peyi a. Kidonk, selon Plan Objektif Prensipal la, OCFS ankouraje atoutfòs li vandè ki siyen kontra avèk OCFS yo pou yo panse pou itilize SDVOB sètifye ki responsab epi ki reponn pou omwen **sis (6) pousan** nan depans a kote pou sèvis ki pa sèvis pèsonèl la nan respè egzijans kontra yo a avèk OCFS. Patenarya sa a ka gen ladan itilizasyon SDVOB ki sètifye yo antanke soutretan, founisè, pwoteje, oswa nan lòt wòl sipò nan mezi maksimòm ki posib, epi selon egzijans legal Lwa Finans Eta a ak Lwa Egzekitif la. Ou ka idantifye SDVOB ki sètifye yo fasil nan repètwa biznis ki sètifye yo nan: [Lis Biznis ki Sètifye nan Eta New York ki Pou Veteran ki Pran Andikap nan Sèvis](#).

8.0 EGZIJANS AK FÒM KI ESPESIFIK POU PWOGRAM LAN

Ou kapab jwenn dokiman sa yo sou sitwèb OCFS la, Sistèm Rapò sou Kontra Eta New York, oswa nan Pòtay Opòtinite Sistèm Pasrèl Sibvansyon an. Tanpri gade Pwofil Opòtinite Sibvansyon an epi antre ladan anba lè ou klike sou bouton View Grant Opportunity (Gade Opòtinite Sibvansyon) ki anba pwofil opòtinite a.

- **Dokiman 1 – Orè Sesyon Asistans Teknik yo disponib nan:** <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/assets/docs/deserts/Child-Care-Desert-Info-Sessions.pdf>
- **Dokiman 2 – Egzijans Soumisyon Minimòm pou Otorizasyon/Anrejistreman Gadri OCFS**
- **Dokiman 3 – Kat Dezè nan zafè Sèvis Gadri REDC a disponib nan:** https://bit.ly/cc_deserts
- **Dokiman 4 – Lis Depans ki Otorize yo**

- **Dokiman 5 – Egzijans pou Sibvansyon Federal ARPA**
- **Dokiman 6 – Rapò Pèmanan sou Elijiblite**

* Dokiman ki make an yon asteris yo obligatwa pou w ranpli epi bay avèk aplikasyon w lan.